**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**FILOLOGIYA FAKULTETI**

**Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası**

**Filologiya fakulteti**

**Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası**

**5111300 – Ana tili hám ádebiyatı (Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı) bağdarı 4ᵇ-kurs talabası Ismailova Gu'lzada Nurimbetovnani`n`**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

Teması: **Ajiniyaz Qosibay ulinin o'miri ha'm do'retiwshiligin interaktiv usillarda oqitiw**

**Talaba:** ______ imza G.Ismailova

**Ilimiy basshı:** ______ imza f.i.d., doc. S.Qazaqbaev

**Kafedra basshı:** ______ imza f.i.d., prof. K.Allambergenov

Kafedranıń 2019-jıl 14-maydaǵı májilis qararı menen qorǵawǵa ruxsat berildi (10-sanlı protokol)

**Nókis - 2019-jıl**

Ismailova Gúlzadaniń « Ajiniyaz Qosıbay ulınıń ómiri hám dóretiwshiligin interaktiv usillarda oqıtıw» temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısına mámleketlik attestaciya komissiyası qararı menen «___» ball qoyıldı. « ____ » _________ 2019-jıl

MAK xatkeri: Q.Matimov

**Tema:** Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ómiri hám dóretiwshiligin interaktiv usillarda oqıtıw

Jobası:

**1. Kirisiw**

**I BAP** Ájiniyaz Qosıbay ulınıń qosıqların interaktiv usılda oqıtıw.

**II BAP** Ájiniyazdıń násiyat qosıqların aldıńǵı pedtexnologiya tiykarında oqıtıw

**III BAP** Ájiniyazdıń ómiri hám dóretiwshiligin mashqalalı tálim texnologiyasında oqıtıw usılları

**IV JUWMAQ**

**V Paydalanılǵan ádebiyatlar**

## Kirisiw

**Temanıń aktuallıǵı** Dúńya júzi xalıqları arasında óziniń úlken abırayına iye bolıp kiyatırǵan Ózbekstanda bıyıl rawajlanıwdıń jańa basqıshına kóteriliwi, mámleketimizge Sh.M.Mirziyoevtıń Prezident bolıp saylanıwı, «Háreketler strategiyası»nıń islenip shıǵıwı, bir neshe joybarlardıń ámelge asırılıwları bunıń ayqın dálili. Prezidentimiz Sh.M.Mirzeyoev birinshi rásmiy saparın Qaraqalpaqstan Respublikasına baǵıshladı Ol 2017-jıl 21-22-yanvar` kúnleri Respublikamızǵa kelip bir neshe joybarlar menen tanısıp, elimizdiń siyasiy-jámiyetlik, ekonomikalıq, ilimiy-texnikalıq ruwxıy-aǵartıwshılıq hám bilimlendiriw salasınıń rawajlandırıw ushın bir mámleket tárepinen qarjılandırıw esabınan «İ.Yusupov» atındaǵı qánigelesken mektep-internatın, balalar baqshalarınıń salınıwı, Moynaq rayonın awız suw menen támiyinlew, «samsung» zavodınıń salıwı sıyaqlı bir neshshe joybarlar menen tanıstı. Usı jılı 15-16-dekabr` kúnleri Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev Respublikamızda rásmiy saparda bolıp Respublikamızdıń rawajlanıwınıń jańa etapların ashıp berdi.

Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev:-«jaslarımızdıń erkin pikirleytuǵın, joqarı intellektual hám mánawıy potentsialǵa iye bolıp, dúńya arenasında óz qatarlarınan qaysı taraw bolsa da bos kelmeytuǵın insanlar bolıp kámalǵa erisiwi, baxıtlı bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimizdiń bar kúsh hám imkaniyatların tolıq ámelge asıramız»[1] degen edi.

Prezidentimiz belgilep bergen joybarlardıń ámelge asıwına hám oqıtıw, bilimlendiriw sistemasınada jańa ózgerislerdi alıp keldi. Bul tarawda eski oqıw, oqıtıw metodı dúńya júzlik ólshemge muwapıq jańalap barıwdı talap etedi. Bul wazıypalardı orınlawda milliy baǵdarlamaǵa tiykarlanǵan jańa pedagogikalıq texnologiyanı islep shıǵıw, jetilistiriw hám onı ámelge asırıw, qollana biliwge ayrıqsha dıqqat awdarılmaqta. Jaslardı bilim negizleri menen qurallandırıw jumısın jetilistiriw, bul isti ómir talabına sáykes etip qayta qurıw házirgi zamanımızdıń aldımızǵa qoyıp otırǵan tiykarǵı wazıypalarınıń biri.

---

[1]Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Тошкент:-«Ўзбекистон», 2016-й. 8-бет.

Bilimlendiriw tarawındağı reformalastırıw talaplarına sáykes mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń usıl hám metodların jetilistiriw ayrıqsha áhmiyetke iye. Jámiyetimiz mektepten jas áwladlardı óz ana tilin, onıń ádebiyatı menen mádeniyatın, úrp-ádeti menen salt-dástúrin jetik biletuǵın, ózine sińirgen sawatlı, mádeniy oy-órisi hár tárepleme jetilisken azamat etip tayarlawdı negizgi wazıypa etip belgilep otır. Demek, bunnan shıǵatuǵın tiykarǵı juwmaq – mektepte oqıwshılarǵa ádebiyattı eń aldı menen xalıq ómiriniń aynası, ruwxıy baylıǵımız sıpatında túsindiriwimiz tiyis. Usı baǵdar ústem bolǵanda ǵana ádebiyat páni óz minnetin atqarıp ǵana qoymay, barlıq jetiskenliklerimizdiń tiykarlarınıń biri sıpatında bahalanadı.

Bul – wazıypa ádebiyatımızdıń awızeki xalıq dóretpelerin, erte dáwirlerdegi ádebiyatımızdı, klassiklerimizdiń hám házirgi dáwir jazıwshı-shayırlarımızdıń dóretpelerin tereń úyreniw arqalı iske asadı. Milliy ádebiyatımızdıń ózine tán ózgeshelikleri, birinshiden, onı ózine jaqın mazmunlas temalar, nızamlar menen salıstırmalı oqıtıw; Ekinshiden, ádebiy nızamlıqlardan oqıwshılarǵa beriletuǵın bilim tiykarlarınıń anıqlıǵına itibar beriw; Úshinshiden, olardıń túsiniklerin anıqlaw, mánisine jeterli túsiniw, mısallar menen dálillew; Tórtinshiden, shıǵarma, bayan, t.b. jazdırıw arqalı ózlestiriwin qadaǵalaw; Besinshiden, óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriw arqalı kónlikpelerin qáliplestiriw hám taǵı basqa usıllar arqalı iske asırıladı. Mine, jumısımızdıń tiykarǵı maqseti – joqarıda kórsetilgen qaraqalpaq ádebiyatınan bilim negizlerin beriw hám qáliplestiriwdiń metod hám usılların qollanıw arqalı oqıwshılarǵa qaraqalpaq ádebiyatınan “Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaların oqıtıw metodikası” máselelerin sóz etiw. Bul máselelerdi sheshiwde, úyreniwde tómendegidey wazıypalardı belgilep otırmız:

- Ájiniyazdıń ómiri hám dóretpeleri tuwralı ulıwma túsinik;
- Ájiniyazdıń jámiyetlik turmısqa kóz-qarası;
- Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmalarınıń ideya-tematikalıq baǵdarı:

Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaların oqıtıwǵa baylanıslı qosımsha jumıs túrleri:

- Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmalarına baylanıslı ádebiy-kórkem oqıwǵa úyretiw;
- Klasstan tıs óz betinshe oqıwdı shólkemlestiriw;
- Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmalarını tiykarında bayan, shıǵarma, bayanatlar, mazmunlama t.b. jazıw.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha bir qansha ilimiy miynetler, qollanbalar, ilimiy maqalalar baspadan jarıq kórdi.[2] Degen menen jekke shayır-jazıwshılardıń ómirin hám dóretpesin orta mekteplerde úyretiw máseleleri dıqqattan shette qalıp kiyatır.

Jumısımızda orta mektepte Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaların úyreniw hám oqıtıw boyınsha bir qansha metodikalıq máselelerdi izertlewdi aldımızǵa maqset etip qoydıq.

Kurs jumısımızdı jazıwda "Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha geypara oylar" (1991), A.Zunnunov, N.Hotamov, A.İbrohimovlardıń "Adabiyot wqitish metodikasi" (1992), S.Axmetov, Á.Paxratdinov, A.Pirnazarovlardıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (1988), Á.Paxratdinovtıń "Mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń aktual` máseleleri" (1989), "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (2004), S.Matchanovtıń "Maktabda adabiyotdan mustaqil ishlar" (1996) miynetleri hám taǵı basqa da ilimiy-metodikalıq miynetler úyrenildi, basshılıqqa alındı. Degen menen bul kórsetilgen ilimiy-metodikalıq miynetlerde hám ayırım toplamlarda, gazeta-jurnal maqalalarında biz sóz etpekshi bolıp otırǵan "Qaraqalpaq ádebiyatında Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaların oqıtıw metodikası"na baylanıslı azı-kem pikirler aytılsa da, usı kúnge shekem anıq metodikalıq kórsetpeler islenip shıqpadı. Bul jaǵday biziń jumısımızdıń ilimiy metodikalıq negizdegi tıń máselelerdiń birine arnalıp otırǵanlıǵın kórsetedi hám jumıstıń aktual`lıǵın belgileydi.

---

[2] Ахметов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Н.: Қарақалпақстан, 1988; Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Н.: Билим, 1992; Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. -Н.: Билим, 2004; Өтеўлиев И., Юсупов Қ. Қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша тест сынаўлары. –Н.: Билим, 1994; Айжанова З., Аллашов П. Шығарма жумысын жазыўды үйрениў усыллары. –Н.: Билим, 1994; Айжанова З. Әдебият сабағында айырым прозалық шығармаларды үйрениў (5-8-класс ушын). –Н.: Билим, 1991. т.б.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq xalqinm' ataqli shayir oyshili putkil Orta Aziyaga korkem soz sheberligi menen ma'lim bolgan patriotliq gumanistlik ideyalan shayirliq ma'deniyati ha'm oqimisliligi menen aynqsha kozge tusken A'jiniyaz Qosıbay uli qaraqalpraq a'debiyati ha'm ja'mietlik filosofiyaliq ha'm pedagogikaliq oy pikirleri tariyxinda ulken tulga. Omń doretiwshiligi xalqimizdiń progressiv koz-qaraslarinm' rawajlamwinda agartiwshihq ideyalarin jetilistiriwi menen a'hmietli orin tutadi. Omń qaldirgan miyraslarinda XIX a'sirdegi qaraqalpaqlardiń gana emes, al putkil Orta Aziya xahqlarinm' ja'mietlik tusiniklerin jetilistiriwge ules qosqan aldingi oy-pikirler bar. A'jiniyaz Qosıbay uli (1824) A'miwdar'yamń Aral teńizine quyar jerinde qoms basqan orta diyxan xojaliginda tuwildi. Anasi Nazira menen a'kesi Qosıbay da'wiriniń aldmgi qatarli adamlan edi. Bolajaq shayir da'slep baslawish magliwmat beretugin diniy mektepte oqiy basladi. Anasi qaytis bolganan keyin zamanmm' jetik sawatlilannan biri, tuwisqan dayisi, Buxara medresesin tamamlagan Elmurat axun om sha'kirtlikke alip, óz mektebinde ta'rbiyalawga kirisedi. Zeyini ótkir A'jiniyazga ol islam dini qagiydalarin uyretip slieklenbesten, ha'r qiyli ilimler tarawindagi jetiskenliklerdi de tamstirgan. Na'tiyjede bolajaq shayir a'yemgi grek ma'deniyati shigis xahqlarinm' tilleri, filosofiyasi, a'debiyatlan boymsha a'dewir tiyanaqli bilim alip shiqqan.

A'jiniyaz medreseni tamamlap axun lawazimin algannan soń, awilina kelip, A'miwdar'yamń quyar jerinde mektep aship, oqıtıwshiliqti ka'sip etedi ha'm xaliq ishinde baqsiliq, qissa oqıw menen shugillanadi. Oziniń mazmunli qosiqlarin doretiwdi jiyiletedi oqimisli jas shayir ayinm duńyaparaz dinshillerge unamadi. Omń qudretli sozleri olardi ta'shwishke saldi. ishi qara, baqil adamlar A'jiniyazdi ańsatiwdi oylap, ogan «adam óltirdiń» dep dohmet salgan. Dushpanlardm' qis-qisma shidamay A'jiniyaz
jasirin izlep qazaq jurtina shigip ketedi. Usi juriste ol qazaq xalqinm' ja'mietlik turmisi menen tamsti.

A'jiniyaz medresede ta'lim algan waqtinda a'yemgi grek ma'deniyati, arab a'debiyati, tariyxi, ma'deniyati, Shigis xaliqlari tilleri, a'debiyati, filosofiyasi boyinsha jeterli, tiyanaqli bilim aldi. Din islam qagiydalarm uyretetugin sabaqlar menen birge duńya sirlarin ashqan alimlardiń ha'm zulimliq, a'dilsizlikler sebeplerin a'shkaralawshi shayir, oyshillardiń shigarmalarin tereńnen ózlestiredi. Atap aytqanda Xoja Axmet Yassawiy hikmetlerinen baslap, Sulayman Baqirgamy, Suwpi Allayar- XVII a'sirde jasagan Orta Aziyali shayir-oyshil omń «Suwpi Allayar» yamasa «Subatil-ajiziyn»-«A'zizlerdiń kusheyiwi» dep atalgan miyneti ekinshi ret turkiy tilinde jazilip XIX a'sirde Baku, Kazan, Tashkent, Xiywada bir neshe ma'rtebe basilip xaliq arasina «Suwfi Allayar» degen at penen keńnen taralgan. Ferdawsiydiń «Shaxnama», «Qiriq ha'dis», «Misbaxil a'nwar», «Nurlardiń shiragi», «Miftaxil janan»-Ja'nnetlerdiń gilti kitaplann, Abulgazi Bahadurxannm' «Turkler shejiresi» tagi basqa miynetlerdi tup nusqada arab-parsi tillerinde oqip ozlestirgen. Bulardan basqa A'jiniyaz Saadiydiń «Gulistan», Xafiz, Bedil, Nawayi, Maqtimquli shigarmalarin da tereń ózlestiredi. A'jiniyaz usi jillarda Orta Aziyaliq turkiy a'debiy tilinde jazilgan ha'm baspa usilmda basilip shiqqan «Yusup-Zulayxa», «G'a'rip-Shaxsa'nem», «Farxad-Shiyrin», «Zuxra-Tayir» ha'm tagi basqa da Shigis xaliq da'stanlarin tereń ózlestirgen. Bulardiń birazin uyrenip alip qissaxanhq etip xaliq aldinda aytip berip jurgen. A'jiniyaz usinday bagdarda ush tildi tereń meńgeriw menen putkil Shigis duńyasi da'sturlerin tereń ózlestiriw negizinde putkil ja'ha'nge ma'lim klassik shayir ha'm axun bolip jetilisken.

Korkem shigarmalardi janrlarga boliw ta'rtibi - shigarmalardi formaliq belgileri, qa'sietleri boyinsha ajiratiw bolip tabiladi. Bui jagdayda shigarmalardiń a'meliy (texnikaliq) tamanlarina bash diqqat beriledi. Misali: shigis lirikasinda ga'zzel, rubayi, murabba, muxammes, musaddas ha'm tagi basqa, batis lirikasinda kantsona, sonet, oktavalar óz ishine kuta' kop a'meliy yaki texnikaliq qa'sietlerdi ha'm belgilerdi ja'mleydi. Lirikamń bul turleri birinshi na'wbette qosiqtiń qatar ha'm buwin sanlarma, ba'nt, lrgaq, intonatsiya, uyqas usagan belgili texnikaliq qagiydalarga baginadi)).[1]

A'jiniyaz doretpeleriniń eń da'slepki izertlewshileriniń biri N.Da'wqaraev «Qaraqalpaq a'debiyati tariyximń ocherkleri» atli miynetinde shayirdiń sol waqitqa deyin jazip alingan geypara shigarmalarin ja'mietlik- tariyxiy koz qarastan tallaydi. Biraq, belgili bir shigarmanm' tematikaliq mazmunma baylamsli terminlerdi isletpegen. Ma'selen: «omń dortetiwshilik jumism ekige boliwge boladi. Birinshi bolimge omń jasliq waginda jazgan «Duysen qa'ndekli», «Megzer», «Sadaga», «Bir pa'riy», «Sa'wdigim», «Yaranlar», «Ay a'lip», «Bu sahar», «Qirmizi» qusagan shigarmalarin kirgiziwge boladi. A'jiniyaz bunm'day shigarmalarinda jigitlerdi, suliw qizlardi, olardiń jaqsi da'sturlerin maqtaydi, geypara adamlardiń jaramsiz islerin kulki qiladi. A'jiniyaz «Ayrilsa», «Bozataw» qusagan shigarmalarin jazadi. Bul shigarmalarimń barligi da tariyxiy bolgan ha'diyselerge tiykarlangan.[1] Bul orinda N.Da'wqaraevtiń «Aynlsa» qosigin da tariyxiy shigarmalar qatarma jatqanwi shinliqqa say kelmeydi. Uliwma aytqanda N.Da'wqaraevtiń ocherkinde qunli pikirler menen qatar usinday kemshilikler de ushirasadi.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları**. Kurs jumısınıń tiykarǵı maqseti aldıńǵı pedtexnologiyada keń qollanılıp kiyatırǵan klaster metodı, Ájiniyaz shayır shıǵarmaların usı metod tiykarında sabaq ótiwdiń áhmiyetli teoriyalıq hám ámeliy máselelerin úyreniwdi maqset ettik hám usı maqsetke erisiw ushın tómendegi wazıypalardı belgilep aldıq:

- aldıńǵı pedtexnologiyanıń ámeliy hám teoriyalıq tiykarları;

- klaster metodı túrleri hám ámeliy áhmiyeti,

- Berdaq shıǵarmaların klaster metodı tiykarında sabaq ótiwdiń nátiyjeleri;

Tálim texnologiyalarınan klaster dúziw.

**Jumıstıń metodologiyası**. Ózbekstan Respublikası Konstituttsiyası, Nızamları, Kadrlar tayarlawdıń milliy dástúri, Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam hám Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń bilimlendiriw tarawındaǵa reformaları, shıǵıp sóylegen sózleri, bayanatları, ilimiy miynetleri jumısımızdıń metodologiyası bolıp tabıladı.

**Jumıstıń teoriyalıq tiykarı** pedagogika hám ádebiyattı oqıtıw metodikasında N.H.Xujaev[1], M.Ochilov[2], İ.P.Podlasiy[3], S. Axmetov[4], A`. Paxratdinov[5], Z.Ayjanova[6], J. Pirniyazov[7], Q. Palımbetov[8] h.t. basqa ilimpaz-metodistlerdiń miynetleri.

**Temanıń úyreniw dárejesi:** Ájiniyazdıń didaktikalıq qosıqların uliwma bilim beretuǵın mekteplerinde eń aldıńǵı texnologiyalarda oqıtıw boyınsha bir qansha interaktiv usillardan paydalanıw arqalı qosıqlarınıń kórkemlik idealıq ózgesheligin ashıp beriw.

**Jumıstıń ámeliy áhmiyeti:** Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń oqıw baǵdarlamasına tiykarlanıp qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń aktual máselelerin esapqa alǵan jaǵdayda jańa pedagogikalıq texnologiyada oqıtıwdıń bir qansha úlgilerin mısal sıpatında kórsetip berilgen. Bul keleshekte mektep muǵallimleri ushın metodikalıq qollanba sıpatında úlgi boladı dep esaplaymız.

---

[1] Хужаев Н.Х., Ходиев, «Янги педагогик технологиялар», «Фан», Тошкент:-2002.
[2] Очилов М. «Янги педагогик технологиялар», Қарши, «Нафас», 2002.
[3] Подласий И.П. Педагогика а 2-х частях. М., Владос, 2005.
[4] Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.
[5] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» ,2004.
[6] Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим»,1993.
[7] Пирниязов Ж. Әдебий оқыў. (5-класс ушын). Нөкис. «Қарақалпақстан», 2003.
[8] Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. Нөкис, 2009.

**Jumıstıń obiekti:** Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń oqıw baǵdarlamasına tiykarlanıp sabaqlıq hám Ájiniyazdıń didaktikalıq qosıqları boyınsha shıqqan ilimiy miynetler menen birge kitaplardan paydalanıw.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń qurılısı:** Jumıstıń qurılısı eki baptan hám juwmaq penen paydalanǵan ádebiyatlardan ibarat.

## I Bap. Ájiniyaz Qosıbay ulınıń qosıqların interaktiv usılda oqıtıw.

Sabaq nátiyjeliligi, tiykarınan, oqıw procesinde qollanılatuǵın pedagogik texnologiyalarǵa baylanıslı[1]

**Qar boranı usılı**

**Qar boranı-** bul sabaq ótiwdiń obrazlı usılı bolıp, bunda oqıwshılarǵa pikirlew ushın jeke waqıt beriledi. Sońınan 2,3,8 adamnan dúzilgen toparlarda talıqlawǵa hámme topar qatnaspaǵansha talıqlaydı.

**Maqseti.**

Ótilip atırǵan tema boyınsha oqıwshılardıń bilimin qadaǵalaw arqalı topar oqıwshılarınıń qadaǵalaw arqalı topar oqıwshılarınıń barlıǵın oqıtıw procesine tartıw.

**Ótkeriw qaǵıydası**

Topar 2-2 kishi toparlarǵa bólinip, bir hám sol mashqalanı hám situaciyanı talqılap, durıs juwaplardıń sanın saylap aladı. Hár bir durıs juwap sol toparǵa "qar boran" túrinde ball bolıp jazıladı. Eń joqarı ball alǵan toparǵa jaqsı bahalar qoyıladı.

**Abzallıǵı**

2 kishi toparǵa bólinip topardıń barlıǵı qatnasadı. Jarısıw principi pikirlew procesin aktivlestiredi hám sabaqtı janlandıradı

**Kemshilileri**

Mashqalanı sheshiwde hár bir oqıwshınıń qosqan úlesin bahalaw qıyın.
Bul usıl oqıwshılardı tez pikirlewge úyretip, oqıtıwshıǵa ótilgen materialdıń ózlestiriw tereńligin biliwge hám sabaq aqırında obiektiv bilimin ádil bahalawǵa járdem beredi.

### Hárre uyası usılı

**Maqseti.**

Oqıwshılarǵa ózleriniń bilimlerin tolıq kórsetiwge múmkinshilik beredi.

11 Marshall L, Rowland F. A Guide to learning Independently. Ldn, 1998.220p.

**Ótkeriw qaǵıydası**

Mashqalanı talıqlaw topar ishinde yamasa kishi toparlarda ótkeriledi. Kishi toparlarǵa berilgen tapsırma hár qıylı yamasa pútin toparǵa birdey boladı. 10-15 minut ishinde toparlar mashqalanı talqılaydı hám onıń sheshimin oqıp esittiredi. Eń jaqsı varian saylap alınadı.

**Abzallıǵı**

Bir waqıttın ózinde bir neshe mashqalanı sheshiw hám ótilgen temanı bekkemlew múmkin.

**Kemshilileri**

Básekilesiw waqtında shawqımlı sharayat kelip shıǵadı. Jumıs islew ritmi ózgeredi.

Bul usılda talabada óziniń kóz qarasında turıp qalıw kónlikpesi rawajlanadı.

Men 8-klassta qaraqalpaq ádebiyatı páninen dástúriy emes interaktiv usılda joqarıdaǵı temada ótken bir saatlıq sabaq islenbesin názerińizge usınıp otırman.

Sabaqtıń maqseti: Shayırdıń qosıqları arqalı Watanǵa degen muxabbattıń duwtardıń tarınday ayırıp bolmaytuǵınlıǵın túsindiriw.

Tárbiyalıq tárepi: muxabbat haqqındaǵı qosıqları menen gózzalıqqa, pák muxabbatqa, sadıqlıqqa, bir-birewge súyispenshilik, adamgershilik, ádep-ikramlıqqa tárbiyalaw.

Rawajlandırıwshılıǵı: ádebiyat sabaǵına qızıǵıwshılıǵın arttırıw, erkin pikirlewdi qáliplestiriw, turmıs kónlikpelerine shınıqtırıw.

Oqıwshılarǵa qaraqalpaq qızlarına tán portrettiń shayır tárepinen ashıp beriliwi, onıń ruwxıy dúnyasın, baylıǵın jetkeriw.

Sabaqtı qurallandırıw: shayır súwreti, toplamları, plakatta jazılǵan qosıq qatarlar, túsindirme sózlik, duwtar, sabaqlıq, xrestomatiya, magnitli háripler, magnitofon.

Sabaq barısı (45 minut);

Shólkemlestiriw.

Úy jumısın soraw.

Taza temanı túsindiriw.

Taza temanı bekkemlew.

Juwmaqlaw.

Úy tapsırma beriw.

Klassta oqıwshılardı 3 toparǵa bólemiz. Olarǵa kespe qaǵaz, test sorawları beriledi. Toparlarǵa paydalanıw shártleri hám tártipleri túsindiriledi.

Durıs juwaplardı ekspert sıpatında saylanǵan eki oqıwshı taxtadaǵı plakatqa juldızshalardı belgilep baradı. Qaysı topardıń juldızshası kóbeyip barsa, sol topar jaqsı juwap bergenliginen derek beredi. Bul oqıwshılardıń durıs juwap beriwge, izleniwge, talapshańlıǵın arttıradı.

I- toparǵa tapsırma: Ájiniyazdıń didaktikalıq qosıqlarınıń qısqasha mazmunın beriw.

II- toparǵa tapsırma: «Márt penen námártti ayırar sawash, sawash maydanında kerek qarındas»,- degen qatarlarına túsinik jasaw.

III- toparǵa tapsırma: Jaqsı hayaldıń miyman kútiwi, olar úydiń bereketi, perishtesi. Sonday jaqsı adamlar haqqında aytıp beriwin oqıwshılarǵa tapsıraman. Kemis jerin tolıqtırıp otıraman. Sol sorawǵa baylanıslı qosımsha soraw beremen. Yaǵnıy, ótilgen temanı esine salıp, jańalıqlardı da qosıp taza tema menen baylanıstıraman.

Taza temada Ájiniyazdıń lirikalıq shıǵarmalarına keńirek toqtap, qosıqlarınnan mısallar keltiremen.

Kisiniń yarına kúlip baqannan,
Shıbın janıń ıshqı otına jaqqannan,
Óz boyıńa túrli nasaq taqannan,
Óz yarıńnıń tárbiyasın ber jaqsı.
Yigitke árebi at kerek, áwelha,
Ekinshi zán kerek xoshrey, baziyna,
Andin sońra perzent kerek hám dúnya,

Dúnyasızlar láyliw- náhár táń bolur.[3]

Insanǵa ruwxıy mádeniyat penen birge materiyallıq baylıq ta kerek ekenligi súwretlengen. Bul haqqında jurtbasshımızdıń:

«Insanǵa tán arzıw- umtılıstı júzege shıǵarıw, onıń sanalı ómir keshiriwi ushın zárúr bolǵan materiallıq hám ruwxıy dúnyanı mısalı bir párwaz etip atırǵan qustıń eki qanatına teńlestirsek orınlı boladı, dep oylayman». («Joqarı ruwxıylıq- jeńilmes kúsh», 67-bet) .

Ullı oy-pikir iyeleri hám danıshpanlarımız adamzattıń ruwxıy hám materiallıq dúnyasın qáliplestiriwde ásirler dawamında bay miyraslar dóretti.

«Biz ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap xalqımızdıń ásirler dawamında umtılıp kelgen arzıw-maqsetin hám zaman talapların, dúnyalıq rawajlanıw ólshemlerin esapqa ala otırıp, jámiyetimizdiń turmısında usı eki faktordıń tıǵız rawajlanıwına ayrıqsha itibar qarattıq». (Sonda 67-bet) .

Usı bahalı kóz-qaraslardı tastıyıqlaw ushın Ájiniyaz shayırdıń qosıq qatarların keltirmekshimen:

Diyqanǵa jer kerek, tuqımıw-hókkiz,
Búlbilge gúl kerek, nazbayıw-áfruz,
Balıqshıǵa dárya ishrá, ya teńiz,
Kishti kerák, yoqsa jeken sal kerek.[4]

Onda, shayır ana tilimizdiń kórkemlik baylıǵın, dilwarlıǵın qosıqlar arqalı jetkergenligin aytıp beremen. Usı názerden alıp qaraǵanda, Ájiniyaz qaraqalpaq poeziyasında insan kewliniń názik qublısların, arzıw-ármanların, qayǵı-hásiretin, ashıqlıq sezimlerin túrli saqqa júritip, kórkem sóz jasaǵan sóz sheberi boldı.

Ájiniyazda, Watandı súyiw hám Watan ayralıǵı, saǵınısh sezimleri basqa shayırlarǵa qaraǵanda nayatıy kúshli.

Ol hesh jerde óz eliniń qızlarınday sulıw qız-jawan, óz eliniń jigitlerindey ǵoshshaq jigit taba almaydı. Jas áwladta Watandı súyiw, azamatlıq sezimlerin tárbiyalawda Ájiniyazdıń qosıqları oǵada bahalı qádiriyat bolıp tabıladı.

---

[3] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.
[4] Ájiniyaz. Ellerim bardı. Nókis. "BILIM". 1994.

Taza temanı bekkemlew.

I. Kóp noqattı toltırıw.

………………………………

Qıyalına aytpay bilsin,

Sóyler sózi bolıp shiyrin,

Ózi turıp kózi kúlsin.

II. Watan, filosofiyalıq, didaktikalıq, muxabbat temasında yadtan qosıqlar aytıw.

III. Test sorawlarına juwap.

1. Márt penen námárttiń parqı,
   Biliner maydan ishinde

A) Ájiniyaz B) Abbaz C)Berdaq D)Kúnxoja

2.Shayırdıń didaktikalıq qosıǵın tabıń?

A) «Ayrılsa» B) «Gózzallar» C) «Bozataw» D) «Jaqsı»

3. Ájiniyaz qosıǵında Watan teması tereń súwretlengen shıǵarma?

A) «Ayrılsa» B) «Shıqtı jan» C) «Áy álip» D) «Ayralıq»

4. Tappadım muxabbatımdı gezip jáhándi hesh xabar

A) Qazı Máwlik B) Berdaq C)Ájiniyaz D)Maqtumqulı

5.Ájiniyazdıń patriotlıq shıǵarması?

A) «Ne bilsin» B) «Ellerim bardı» C) «Jaqsı» D) «Bir janan»

IV.Qosıqtıń mazmunın táriyplew.

Sabaq barısında oqıwshılar tómendegi nátiyjelerge iye boldı:

1.Sabaqqa qızıǵıwshılıq penen qatnasıwǵa;

2.Zaman mashqalalarına kózqarasların qáliplestiriwge;

3.Izleniwshilikke;

4.Juwapkershilikke;

5.Watanımızdıń aldıńǵı azamatı bolıw ushın talpınıwǵa;

6. Kórkem shıǵarmalar oqıwǵa, shıǵarmalar haqqında túsiniklerin keńeytiwge;

7. Ana tábiyatqa súyispenshilik sezimlerin tárbiyalawǵa;

8. Erkin pikirlewge;

Ádebiyat muǵallimi hár bir sabaqqa úlken juwapkershilik qatnas jasap, jańa pedagogikalıq texnologiya usıllarınan paydalanıp, jańalıqqa umtılıp, hár tárepleme izlenip barsa, keleshegimiz bolǵan jas áwladlar da házirgi zaman talabına say bilimli, sawatlı, jetik insan bolıp jetilisip shıǵadı, dep oylayman.

Test sorawları

1. Ájiniyaz neshinshi jılı tuwılǵan hám qaytıs bolǵan?

a) 1827-1828,

b) 1828-1873,

s) 1824-1878,

d) 1824-1900,

2. Ájiniyaz awılında kimniń medresesinde tálim alǵan?

a) Elmurat axun,

b) Xojamurat iyshan,

s) Qutlımurat inaq,

d) Sherǵazı xan,

3. Ájiniyaz Xiywada 15 jıl oqıǵan degen pikirdi qaysı ilimpaz aytqan edi?

a) Q.Bayniyazov «Qosıqtıń kúshi»,

b) A.Murtazaev «Shayırdıń muxabbatı»,

s) K.Mambetov «Ájiniyaz»,

d) B.Qálimbetov «Ájiniyazdıń lirikası»,

4. «Ájiniyaz» romanın jazǵan kim?

a) Qálimbetov Sultan,

b) K.Mambetov,

s) T.Qayipbergenov,

d) Karamatdin Sultanov,

5. Ájiniyazdıń Xiywada oqıp júrip dáslepki jazǵan qosıqları qaysılar?

a) «Dúysen qándekli», «Yaranlar»,

b) «Jaqsı», «Ayrılsa»,

s) «Sálem degeyseń», «Bilmedim»,

d) «Kóńlim meniń», «Megzer»,

6. Ájiniyazdı Qazaqstanǵa ketiwge ne májbúrledi?

a) Ájiniyaz bala oqıtıw ushın mollashılıq etiwge ketedi,

b) Ájiniyaz jala sebepli, qız dawına ushırap ketedi,

s) Kún kóriw ushın, talap izlep ketedi,

d) Bilimin joqarılatıw ushın oqıwǵa ketedi,

7. Ájiniyaz Mırza Qojbannıń soranıwına baylanıslı qanday qosıq jazadı?

a) «Sálem degeyseń»,

b) «Dáwran bolmadı»,

s) «Ellerim bardı»,

d) «Qız meńesh penen aytısı»,

8. Qumırısqadek qipsha-qipsha belleriń,
Barmaq tolı yúzik-yúzik álleriń,
Ásel qatqan sújik-sújik tilleriń,
Jılandı jiljitıp innen bezdirer.

Bul Ájiniyazdıń qaysı qosıǵınan alınǵan?

a) «Gózzallar»,

b) «Bir páriy»,

s) «Bir janan»,

d) «Bozatawlı názelim»,

9. Ájiniyaz qaysı klassik shayırdıń qosıqların qaraqalpaq tiline awdardı?

a) Maqtumqulı,

b) Nawayı,

s) Abay,

d) Fizuliy,

10. Ájiniyaz qaraqalpaq poeziyasına qosıqtıń qanday túrlerin alıp keldi?

a) Rubayı, oda, lirika,

b) Muxammas, ǵázzel, muxammas,

s) Murabba, ǵázzel, muxammas,

d) Muxammas, lirika, Rubayı,

11. «Ájiniyaz operasın» jazǵan kim?

a) K.Mambetov,

b) T.Qayipbergenov,

s) I.Yusupov,

d) T.Jumamuratov,

12. Jazıwshı «Ájiniyaz opera» sinda qaysı waqıyalardı sóz etedi?

a) 1860- jıllardağı Bozataw boyındağı waqıyalar sóz etiledi,

b) 1840-44 jıllardağı Ájiniyazdıń Xiywada oqıǵan dáwiri sóz etilgen,

s) Ájiniyazdıń balalıǵı, jaslıq dáwiri sóz etilgen,

d) Ájiniyazdıń Qazaqstanda júrgen dáwiri sóz etiledi,

13. Ájiniyaz Qiz Meńesh penen neshinshi jılı, neshe jasında aytısadı?

a) 1864-jılı 50 jasında,

b) 1863-jılı 40 jasında,

s) 1861-jılı 41 jasında,

d) 1864-jılı 40 jasında,

14. «Bozataw» poeması neshinshi jıllardağı waqıyanı sóz etedi

a) 1855-1856,

b) 1827-1828,

s) 1858-1859,

d) 1858-1860,

15. «Bozataw» romanın avtorı kim?

a) K.Mambetov,

b) K.Sultanov

s) T.Qayipbergenov,

d) N.Dáwqaraev,

16. Ájiniyaz lirikasınıń tiykarǵı ózgesheligi nede?

a) Qosıqların bastan-ayaq qaraqalpaq tiliniń sózlik fondındağı sózler menen jazǵanlıǵı,

b) Qosıqlarında shıǵıs poeziyasındağı arab-parsı leksikasın qollanıwı

s) Qosıqlarında súwretlew quralları teńew, epitet, metoforalardı qollanǵanlıǵı,

d) Qosıqlarında aforizmlerdi, úgit-násiyat túrindegi sózlerdi qollanıwı,

17. Qara kóz, qıpsha bel, qız benen jawan,

Yúzleri gúl kibi kózleri mástan,

Quda ámiri bilán bardılar Balqan...

Ájiniyazdıń qaysı qosıǵınan alınǵan mısal?

a) «Bozataw»,

b) «Kerek»

s) «Jaqsı»,

d) «Ay-álif»,

18. Ájiniyaz óz ómirinde qanday talap penen shuǵıllanǵan?

a) Qazaq arasına barıp bala oqıtqan,

b) Xaliq arasında baqsılıq penen shuǵıllanǵan

s) Baylarǵa jallanıp kúnlikshilik etken,

d) Mal baǵıp diyqanshılıq etip, egin egip shuǵıllanǵan,

19. Ájiniyaz dóretiwshiligin izertlep kandidatlıq dissertaciya jaqlaǵan ilimpaz kim?

a) B.Genjemuratov,

b) B.Qálimbetov

s) A.Murtazaev,

d) A hám B juwapları durıs,

20. Xiywada shıqqan «Yugurmiya» jurnalında Ájiniyazdıń qaysı janrdaǵı qosıqları basılǵan?

a) Rubayıları,

b) Muxammaslar

s) Murabba formasındaǵı qosıǵı

## II Bap. Ájiniyazdıń násiyat qosıqların aldıńǵı pedtexnologiya tiykarında oqıtıw

Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulı (1824-1878) óz zamanında Xiywada Sherǵazıxan medresesinde tálim alǵan, medreseni pitkergennen keyin muǵallimshilik kásip penen shuǵıllanǵan ziyalılardıń ishindegi eń kórneklisi. Ol Qaraqalpaqstan h’ám Qazaqstan jerlerinde xalıq balaları ushın mektepler ashıp, jas áwladqa tálim h’ám tárbiya beriw isleri

menen shuǵıllanǵan, jetik tájiriybege ie, eli-xalqı h'úrmetlegen ádiwli ustaz. Ol óziniń muǵallimshilik xızmetiniń barısında jaslarǵa bilim beriwdiń, olardı tez sawatlandırıwdıń jolların, usılların sheberlik penen ózlestirgen h'ám axun dárejesine ie bolǵan ulama.

Ol óziniń oqıtıwshılıq xızmetiniń barısında oqıtıwdıń eń qolaylı jolların tınbay izlestirip, onı tawıp, oqıtıw protsesinde sınaqtan ótkerip h'ám sınaw jumısların dawam etken pidayı ustaz. Sonlıqtan da, ol balanı qurı yadlatıw isleri menen shuǵıllandırmaw kerekligin, al kerisinshe olarǵa túsindirip oqıtıwdıń, shákirtlerdiń óz betinshe oylawın, pikir júrgiziwin, qıyalın, seziwin rawajlandırıw kerekligin túsinedi. Sonıń ushın da óziniń sabaq ótiw barısında mashqalalı sawallardı ortaǵa taslap onıń juwapların shákirtlerine taptırıw yamasa bir mashqaladan ekinshi, onnan úshinshi mashqalalardı keltirip shıǵarıw usıllarınan kóbirek paydalanǵan degende oylarǵa adamdı eriksiz túrde keltiredi.

Biz bunnan aldıńǵı jılları jazǵan maqalamızda Maqtumqulınıń «El jaqsı» qosıǵın Ájiniyaz arnawlı sabaq formasında óz shákirtlerine oqıttı h'ám onda mashqalalı oqıtıw formalarınan paydalandı degen pikirlerdi de bir neshe mısallar menen keltirip edik.

Ájiniyazdıń oqıtıwshılıq xızmetine baylanıslı úsh pikirdi aytpaqshımız. Biziń birinshi - pikirimiz boyınsha Ajiniyazdıń jazǵan geypara qosıqları sabaq jobasına yamasa biz h'ázirgi waqıtlarda ótilgen temanı bekkemlew ushın qollanıp atırǵan test sorawları menen onıń alternativalı juwaplarına uqsap ketedi. Máselen: Shayırdıń «Ayrılsa» qosıǵın alıp qarasańız onda:

Elinen ayrılǵan diywana bolur,
Yarınan ayrılǵan biygana bolur,
Hárreler ushuban parwana bolur,
Uyası buzılıp paldan ayrılsa (80-bet) [5]

---

[5] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

degen qatarlar bar.Biziń pikirimizshe shayır bul qosıǵınıń ayırım kupletlerin óziniń sabaq ótiw protsesinde paydalanǵan. Bunıń ushın ol joqarıdaǵı mısal retinde kórsetilgen qosıq qatarların oqıwshılarǵa beyimlestirgen. Olarǵa aytılajaq oy-pikirdiń baslamasın berip, oqıwshılarǵa usı oy-pikirdi dawam etiw mashqalasın qoyǵan. Hár bir oqıwshınıń berilgen mashqalanı óz betinshe sheshiwine múmkinshilik tuwdırıp, joqarıda atap ótilgen qosıqtan alınǵan mısaldı óz oqıwshılarına tómendegi formada tarqatqan.

Elinen ayrılǵan ……………bolur,

Yarınan ayrılǵan …………… bolur,

Hárreler ushuban …………… bolur,

Uyası buzılıp ………………ayrılsa.

Sabaq ótiwdiń bunday mashqalalı forması arqalı onıń oqıtqan oqıwshıları birinshiden - óz betinshe pikirlewge úyretilgen, ekinshiden - óz betinshe logikalıq oylaw múmkinshiligine ie bolǵan, úshinshiden - ózleriniń alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliy islerde sınap kóriw imkaniyatına ie bolǵan, tórtinshiden – alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliy is júzinde bekkemlegen, besinshiden – oqıwshılardıń ózligin ańlawǵa qolaylı imkaniyat tuwdırıp bergen, altınshıdan – milliy qádiriyatlarımızdı ańlawdıń psixologiyalıq h'ám estetikalıq kórinislerin tabıwǵa múmkinshilik jaratılǵan h'ám jetinshiden - olardıń ózlerinde de ustazı Ájiniyazǵa eliklep qosıq jazıwǵa bolǵan qumarlıq oyana baslaǵan.

Biziń shamalawımız boyınsha Ájiniyaz mashqalalı oqıtıwdıń tek ǵana joqarıda kórsetilgen variantı menen sheklenip qalmaǵan. Máselen, ol joqarıda kórsetilgen variant boyınsha h'ár bir qosıq qatarınıń baslamasın berip, qalǵanın soraw taqıletinde qaldırǵan bolsa, kelesi sabaq ótiw waqtında qosıq qatarınıń baslamasın soraw taqıletinde qaldırıp, qosıq qatarınıń aqırǵı betlerin oqıwshılarǵa bergen.

(Tulpar) ……………………degen yabı yańlı bolmaydı,

(Tawdan) …………………… qaytpas doynaǵınan ayrılsa,

(Dárt) ………………………kóbeyse tánde dárman qalmaydı,

(Jer) ……………………… tayanıp qanatınan qayrılsa.

Al, bunnan sońǵı variantlarında qosıqtıń h'ár bir qatarınan bir sóz túsirip qaldırılǵan. Demek, biziń pikirimizshe qosıq qatarların:

Bul dúnyanıń …….. adam balası,

Sol adamnıń ……… jeter nalası

formalarında da paydalanǵan bolıwı da itimaldan shette emes.

Biziń ekinshi pikirimiz boyınsha Ájiniyaz sabaq ótiw barısında óz bilim sheńberiniń keńliginen aqılǵa muwapıq paydalana bilgen. Ózi ielegen bilimlerdi barqulla óz oqıwshılarınıń miyine sińdirip ketiwdi maqset etken. Máselen, ol óziniń «Násiyh'at» qosıǵı arqalı:

Sóylese shiyrindur jah'anda tili,

Kelse shadıqurram boladur eli.

Árman bilán ótti, ol Maqtumqulı,

Ol h'ám nimá kórdi, ey dúnya sandin- (103-bet) [6]

dep násiyatlaydı.

Egerde sizler bul qosıq penen tereńirek tanısqan bolsańız, onda Ájiniyazdıń sabaq protsesinde tariyxıy maǵlıwmatlardan da kóbirek paydalanǵanlıǵınıń guwası bolasız. Usı qosıǵında Ájiniyaz medresede alǵan tariyxıy maǵlıwmatlarına súengen h'alda Zal, Rustem batırlardıń jeti júz jıl jasaǵanlıǵı, Firdawsidiń bir dástandı otız bes jıl jazǵanlıǵı, saqıylıqta atı shıqqan Qarunbaydı, Gretsiyalı ilimpaz Arastudi (Sokrat), aspanu zamindi bilgen ilimpaz Aplatundi (Aristotel), táwip, shıpaker – Hákim Ulıqpandı, Shıńǵısxan, Nadırshax, Madraxim xanlar h'aqqında da bir qansha tariyxıy maǵlıwmatlardı beriw imkaniyatına erisedi.

[6] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

Úshinshiden, Ájiniyaz óziniń jazǵan qosıǵında jaslar tárbiyasına da ayrıqsha itibar beredi. Máselen, onıń «Kerek» qosıǵın alıp qarayıq:

Tentekke judırıq, májgúnge urıs,
Jillige tóbeles, palwanǵa tutıs,
Bedewge juwırıs, buwdanǵa júris,
Yabıǵa h'ám quyrıq penen jal kerek.[7]

Ájiniyaz bunday mazmunda jazılǵan qosıqları arqalı jaslarǵa, ózi oqıtatuǵın balalarǵa: «Balalar tentek bolmańlar. Tentek adam tek ǵana judırıqlasıwdı biledi. Onnan diyanatlı adam shıqpaydı. Májgún adam tek ǵana urısıwdı biledi. Tárbiya kórgen adamlar judırıqlasıwdan, tóbelesiwden ózin saqlap júredi» dep násiyat bermekshi boladı.

Ájiniyaz balanı kishkeneliginen durıs tárbiyalaw kerekliginde ata-analarǵa esletedi. Egerde balalarǵa kishkeneliginen baslap durıslı tárbiya berilmese, onda ósirip atırǵan balańnıń aqmaqqa aylanatuǵınlıǵın, ol átirapındaǵı xalayıqqa kóz salıp bilmese, aǵayin-tuwǵandı tanıwdan qalsa, ásirese ózińniń tilińdi almasa – onda qalǵan ómirińniń zimistanǵa aylanatuǵınlıǵın da ata-analarǵa esletiwdi óziniń wazıypası dep esaplaydı.

Juwmaqlap aytqanda, joqarıda keltirip ótilgen mısallarda kórgenińizdey Ájiniyazdıń oqıtıwshılıq xızmetlerindegi dóretiwshiligi birinshiden, ózligimizdi, milliy qádiriyatlarımızdı ańlawdıń pedagogikalıq, psixologiyalıq h'ám kórkem estetikalıq deregi esaplanadı. Ekinshiden, Ájiniyaz babamızdıń sabaqqa tayarlanıwları, sabaq protsesinde óz qosıqlarınan tayarlıq joba sıpatında paydalanıwları, ásirese balalardıń alǵan teoriyalıq bilimlerin bekkemlew islerinde paydalanǵan mashqalalı oqıtıw metodları – onıń pedagogikalıq miynetlerinde h'ázirgi zaman pedagogika ilimi elementleriniń óz sáwleleniwin tapqanlıǵınan derek beredi.Úshinshiden, Ájiniyazdıń ustaz sıpatında qollanǵan oqıtıw metodları menen usılların h'ázirgi waqıttaǵı

[7] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

«Oqıwshılardıń bilimin bah’alawdıń reyting sisteması» usılında sabaq ótkende h’ám testler dúziwde paydalanıw pedagogikalıq tájiriybe islerine sózsiz óziniń unamlı tásirin tiygizedi. Tórtinshiden, Ájiniyazdıń ustaz sıpatında qollanǵan metodları menen usılların h’ázirgi waqıttaǵı shańaraqta perzent tárbiyası islerinde nátiyjeli túrde paydalana biliw isleri qolǵa alınsa – onda pedagogikalıq is-tájiriybelerimizdi bayıtıwǵa, sınaqtan ótkeriwge h’ám belgili bir sheshimge keliw islerine sózsiz óziniń unamlı tásirin tiygizedi.

Mektepte oqıtılatuǵın pánlerdiń ishinde kórkem ádebiyat ayrıqsha háreket etiwshi siyasiy qural bolıp, onı oqıtıwshılar mektep ómirinde mádeniy tarawdı basqarıwshı adamlar boladı. Sonıń ushın mektep reformasınıń jańa talabı boyınsha qaraqalpaq ádebiyatı páninen oqıwshılarǵa ádebiy bilim hám tárbiya beriwdiń jańasha, nátiyjeli jolların qarastırıwǵa tuwra keledi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw, ulıwma kórkem ádebiyattı oqıtıw - dóretiwshilik jumıs. Sol sebepli ádebiyat muǵallimi klassta ótetuǵın ádebiyat sabaǵın nátiyjeli ótkeriwdiń jolların qarastırıwı kerek. Muǵallim ádebiyat sabaǵın oqıw-tárbiya jumıslarınıń talabına ılayıq alıp barıwı ushın qolında bar oqıw baǵdarlaması menen sabaqlıqlarǵa súyenedi. Sabaqlıqta bar materiallardı oqıwshılardıń túsinigine, kúndelikli ómir keshiriw ámeliyatına, tiline ılayıqlastırıp metodikalıq sheberlikler menen bere alıwı shárt. Bul ushın bir saatlıq sabaqtıń nátiyjeli, sapalı ótiliw jolların aldın-ala izlestiriwi kerek. Hár bir sabaq ushın izleniw ádebiyat muǵallimin jaqsı nátiyjelerge alıp keledi.

Házirgi zaman talabı oqıtıwshılardan tek ǵana óz predmetin bilip qoymastan, bálki zamanagóy oqıw qollanbaların jaratıwda, sabaq barısın alıp barıwda zamanagóy kompyuter hám telekomunikaciya texnologiyaların qollanıwı hám bul texnologiyalarda tereńnen islewdi, olardı basqara alıwdı talap etedi. [8]

Ájiniyaz shayırdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaların jańa bilimler menen tanıstırıw sabaǵınınıń texnologiyalıq kartası (Úlgi)

| Sabaq ótiletuǵın klass | Oqıw predmeti | Temanıń oqıw |
|---|---|---|

[8] Wright A Visual Materials for the language Teacher. Ldn. Longman, 2006. 180p.

| | | |
|---|---|---|
| | | bağdarlamasındağı tártip nomeri hám ajıratılğan saatı |
| $8^b$ klass | Qaraqalpaq ádebiyatı | №12.1 saat |
| Sáne noyabr` | Klass oqıwshılarınıń sanı 30 | Pán muğallimi |
| Ótiletuğın saabaqtıń teması | Ájiniyaz shayırdıń Watan temasındağı shığarmaları | |
| Rejesi | 1. Ájiniyaz shayırdıń ómiri hám dóretpeleri tuwralı mağlıwmatlar<br>2. Ájiniyaz lirikasınıń ideya-tematikalıq klassifikatsiyası<br>3. Ájiniyaz poeziyasınıń janrlıq ózgeshelikleri<br>4. Ájiniyazdıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı | |

| Texnologiyalıq basqısh,waqıt | İskerliktiń mazmunı | |
|---|---|---|
| | Muğallim | Oqıwshı |
| Tema boyınsha sabaq ótiwge tayarlanıw 1-5 min | Dáslepki sabaqtıń juwmağında oqıwshılarğa berilgen tapsırma XIX ásir qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan shayırlardıń,sonıń ishinde Ájiniyaz haqqında jazılğan ilimiy ádebiyatlar menen tanısıp óz pikirin ayta biliw,shayırdıń baspadan shıqqan toplamların alıp keliw hám oqıp shığıw,<br>1. Qısqasha soraw-juwap ótkeredi.<br>2. Oqıwshılardıń kishi toparlarğa bóliniwin hám hár bir kishi topardıń sabaqqa aktiv qatnasıwına baha beriletuğınlığın eskertedi.Olardıń bahaların ulıwmalastırıw tiykarında kishi toaplar alğan orınları anıqlanatuğınlığı hám ball beriletuğınlığı túsindiriledi | Awızeki juwap beredi.Tiykarğı túsinikler boyınsha mazmunının qısqasha túrde aytadı. |
| Basqısh Kirisiw Dáslepki tema menen baylanıstırıw Temanı úyreniw motivatsiyası 3-5 | Jańa temanı ótken tema menen baylanııstıradı. Temanıń maqseti, sabaq nátiyjessi hám onı ótkiziw rejesi járiyalanadı<br>Ne ushın biz Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ádebiy miyrasın úyrenemiz? Onıń qanday áhmiyeti bar degen soraw taslaydı hám juwaplar aladı.Bul orında kishi testten paydalanıw múmkin. | Esitip,juwap beredi. Jazıp aladı. |

| | | |
|---|---|---|
| minut | | |
| 1-basqısh<br>10-12 min<br>Lektsiyanıń birinshi sorawınıń talqılanıwı :<br><br>1.Umtıldırıw basqıshı<br><br><br><br>2.Ańlaaw, túsindiriw basqıshı<br><br><br><br>3.Pikirlew, oy-óris basqısh | 2.1 Ájiniyaz Qosıbay ulınıń shayır bolıp jetilisiwine neler sebep boldı onıń ómir jolına názer qaratıń Ol qanday temalarda turmıs shınlıǵın kórkem túrde bayanladı?<br>2.1. «Aqlıy hújim» metodı qollanadı. Muǵallim hár bir oqıwshıǵa 1-5 ge deyin sóz aytıw múmkinshiligin túsindiredi<br>2.2.3 Lektsiya metodı tiykarında rejedegi birinshi soraw keńnen bayan etiledi.<br><br>Sabaqta esitkenleri arqalı talqılap.taxtada,dápterge jazılǵan Ájiniyaz shayırdıń shıǵarmaların ideyalıq-tematikalıq ózinshelik belgilerine hár tárepleme jantasıp,olardı qanday tematikada,qayta toparlarǵa bóliw múmkinligi hám olardı janrlıq formalarǵa ajıratıw tuwralı usınıs kiritiledi.<br><br><br>Juplıq,kishi toparlarǵa bólinip sabaq ótiw metodı qollanıladı.Talqılaw juwmaqlanadı. | 2.1.Esitedi.<br><br><br>2.1.1.Juwap beredi.<br><br><br>2.1.2.Bir oqıwshı taxtaǵa qalǵanları dápterge jazadı.<br><br><br>2.1.3.Esitedi.tiykarǵı túsiniklerdi jazadı.<br>ǵ.q.á.Oqıwshılar kishitoparlarǵa ajıratıladı.<br>2.3.2.Hár bir kishi topar Ájiniyaz shayırdıń shıǵarmaların qayta tematikalıq máseleli baǵdar larǵa bólip shıǵa dı hám olardıń qanday janrlıq formalarǵa iye ekenligin anıq lawǵa háreket etedi.<br>2.3.3.Hár bir |

| | | |
|---|---|---|
| | | kishi topar wákili orın laǵan isleri boyınsha maǵlıwmat beredi. |
| Lektsiyanıń ekinshi sorawınıń talqılanıwı: 10-12 min<br><br><br><br><br><br><br>1.Umtıldırıw basqıshı<br><br>2.Ańlaaw, túsindiriw basqıshı<br><br><br><br><br>q.Pikirlew, oy-óris basqıshı | Mine, biz Ájiniyaz Qosıbay ulınıń lirikalıq shıǵarmaların túrli mazmun hám janrlıq formalarǵa iye ekenligin kórip óttik.Sizlerge soraw: Ájiniyaz shayır aruz ólsheminde muxammeslerdi jazǵan bolsa,ayırım ádebiyatlardaǵı qaraqalpaq ádebiyatına aruz ólshemi tán emes.Ájiniyaz shayır ǵázzel,rubayılardı tek shıǵıs poeziyasınıń klassikalıq úlgilerinen paydalanǵan degen pikirlerine qalay qaraysızlar? Ájiniyaz shayırdıń lirikalıq dóretpeleriniń poetikalıq formalarınıń túrleri boyınsha nelerdi bilesiz?<br><br>2.2.2.Sorawdı kishi toparlar táreepinen «İnsert»metodın qollanıp,soraw sheshimi talqılanadı.<br>Oqıwshılarǵa BBB kestesi tarqatıladı.Olar tema boyınsha<br>1 hám 2-kletkasın toltırıw kerekligin eskertedi.Oqıwshılaráa lektsiya tekstler taaarqatıladı.<br>2.2.3. Tekstti oqıp,maqsetke muwapıq ráwishte lektsiya teksttiń shetine belgi qoyıp, onıń tiykarında BBB nıń ń-kletkasın toltırıw háám lektsiyanı oqıp,jańa úyrengen tiykarǵı túsiniklerin jazıw kerekligi,.topaplardaan biri ekspert rolin atqaratuǵınlıǵınlıǵı aytıp ótedi.<br><br><br>Muǵallim másláhát beriwshi sıpatında qatnasadı. Hár bir kishi toparlardıń maǵlıwmatları tiykarında xabarlardı ulıwmalastıradı háám óziniń pikirlerin bildiredi. | 2.2.1.Kishi toparlar talqılap,juwap beredi.<br><br><br><br><br><br><br><br><br><br><br>2.2.2.Oqıwshılar kesteni toltıradı.<br><br><br><br><br>2.2.3. Kesteniń qalǵan kletkaların toltıradı. Tiykarǵı túsiniklerdi apytıp beredi,jazadı.<br><br>Kishi toparlardıń juwapları ekspert toparı tárepinen |
| Lektsiyanıń | Ájiniyaz shayır Qosıbay ulınıń qaraqalpaq | 2.3.1.Qálegen |

| | | |
|---|---|---|
| úshinshi sorawınıń talqılanıwı: 10 min 1.Umtıldırıw basqıshı | ádebiyatında tutqan ornı neler menen belgilenedi.Olardıń qaysıları áhmiyetlirek Siziń pikirelrińiz qanday degen soraw taslaydı | oqıwshı juwap beredi. |
| 2.Ańlaw, túsindiriw basqıshı | 2.3.2. Lektsiyanıń úshinshi sorawı bayan etiledi .<br>2.3.3.Tańlawdıń neytral dárejesi,tańlaw ólshemlerin úyreniw ushın delfa metodı qollanadı.(keste) Oqıwshılarǵa delfa metodı tiykarında tańlaw ólshemi kestesi tarqatıladı.Hár bir kishi topar kestedegi ólshemlerin bahalap,neytrallıǵın anıqlaydı. | 2.2.2.Esitedi, jazadı. |
| 3.Pikirlew, oy-óris basqıshı | Hár bir kishi topar járiyalaǵan material hám delfa metodı tiykarında islengen belgili bir ólshemdi bahalap, neytrallıǵın anıqlawsha kesteni talqılaydı. Óz tańlawı boyıınsha neytrallıqtı anıqlaydı. Muǵallim másláhát beriwshi sıpatında qaatnasadı. | 3.3.3.Tiykarǵı túsinik,kategoriyalardıń atı hám mazmunın anıqlaydı. |

Tarqatpa material: Kishi toparlardıń jumısların bahalaw kestesi

| ***Kishi toparlar*** | ***Tapsırma*** | ***Juwaptıń durıslılıǵı, anıqlılıǵı*** | ***Túsinikliligi hám qısqalıǵı*** | ***Oqıwshılardıń belsendiligi*** | ***Toplaǵan balı*** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1-Kishi topar | 1. Tapsırma<br>2. Tapsırma<br>3. Tapsırma | | | | |
| | Jámi | | | | |
| 2-Kishi topar | 1. Tapsırma<br>2. Tapsırma | | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 3. Tapsırma | | | | |
| h.t.b. | Jámi | | | | |

Tarqatpa material:

Kishi toparlarǵa tapsırma

Ájiniyaz shayır lirikalıq shıǵarmaların mazmun hám formalıq jaqtan toparlarǵa bóliw

| *Ájiniyaz shayır lirikasınıńmazmunlıq jaqtan bóliniwi* | | | |
|---|---|---|---|
| Ájiniyaz lirikasında Watan teması, atları keltiriledi | Filosofiyalıq lirika | Didaktikalıq lirika | Muhabbat lirikası |
| *Ájiniyaz shayır lirikasınıńjanrlıq jaqtan bóliniwi* | | | |
| Muxammes | G`ázzelleri | Rubayıları | Murabbaları |

Tarqatpa material Delfa metodı

OqI'wshılardıń dóretiwshilik piker júritiw, bildirilgen pikirlerdi salıstırıp baha beriw kónlikpelerin qáliplestiretuǵın metodlardan biri. Onda ol yaki bul ólshemlerge muwapıq neytral variantlar tańlanadı hám olardan áhmiyatliregi ajıratıladı.

| ***Neytrallıq*** | ***Ájiniyaz Qosıbay ulınıń qaraqalpaq ádebiyatinda tutqan ornı neler menen belgilenedi?*** | ***Bahalaw, tańlaw*** |
|---|---|---|
| 1 | Shayırdıń Xiywadaǵı medreseni pitkergenligi | |
| 2 | Qaraqalpaq awıeki dóretpelerinen ruwxıy azıqlanǵanlıǵı | |
| 3 | Shıǵıs poeziyası úlgilerin jaqsı bilgenligi | |
| 4 | Qurǵınlı shańaraqtan shıqqanlıǵı | |
| 5 | Ádebiyatımızdı tereń mazmunlı lirikalıq shıǵarmalar menen bayıtqanlıǵı | |
| 6 | Ádebiyatımızǵa shıǵıs poeziyasınıń túrli janrlıq formaların alıp kelip, rawajlandırǵanlıǵı | |
| 7 | Qazaq elatına saparǵa barıp qaytqanlıǵı | |
| 8 | Kóbirek muhabbat temasına arnap dóretpeler jazǵanlıǵı | |
| 9 | Turmıs shınlıǵın sheberlik penen kórkem túrde súwretlegenligi | |
| 10 | Qıssaxanlaıq penen shuǵıllanǵanlıǵı | |

Ulıwmalastırıp aytqanda texnologiyalıq jantasıwǵa tiykarlanıp kolledjlerde qaraqalpaq ádebiyatınan lektsiya oqıwdıń ayırım kemshilikleri bar ekenligin aytıp ótiw orınlı. Bular texnologiyalıq karta boyınsha ajıratılǵan waqıtqa qaraǵanda kóp waqıt talap etedi. Lektsiyadaǵı sorawlardı rejelestirgendey talqılaw ushın waqın jetispewshiliginiń itimallıǵı kúshli. Muǵallimnen úlken pedagogikalıq sheberlikti ózinshe izleniwshilikti, ilimiy izertlewge beyimliligin ham oqıwshılardıń sabaqqa

puxta tayarlanıp kelip belsene qatnasıwı talap etiledi. Oqıwshılardıń bilim dárejesi keskin ajıralıp turatuǵın toparlarda bunday lektsiya formasında sabaq ótiwdi shólkemlestiriw qıyınraq. Degen menen bul kásip- óner kolledjlerinde ádebiy bilim beriwdiń nátiyjeliligin asırıwǵa, oqıwshı jaslardıń ruwxıy jaqtan jetik insan bolıp qáliplesiwine óziniń unamlı tásirin tiygiziwi menen xarakterlenedi.

Sabaqtı tolıq maqsetine jetkeriw ushın muǵallim izleniwi kerek. Sebebi, muǵallimge qaraqalpaq ádebiyatınan jańa sabaq ushın izleniw, tayarlıq kóriw, sabaqtı nátiyjeli ótkeriwdiń jolların qarastırıw wazıypaları júklenedi.

Búgingi ótetuǵın «Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı lirikası» degen temadaǵı materialımızdıń sıpatına qaray otırıp jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túrin tańlawdı maqul kórdik. Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq úlgisi mektep ómirinde jiyi qollanılatuǵın sabaq túrleriniń biri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń bul sabaq túrin tańlawı kóbinese klassta oqıwshılarǵa ótiletuǵın jańa temanıń mazmunı hám sıpatına baylanıslı qurıladı.[9]

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń talabı boyınsha klass oqıwshılarına ádebiyattıń hár bir dáwirine, hár bir jazıwshı, shayır dóretpelerine olarda qızıǵıwshılıq usılların izlestiriw talap etiledi. Bul ushın biz Ájiniyazdıń Watan teması boyınsha oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıp, jańa bilimler menen qurallandırıwdıń ózgesheliklerin qarastıramız.

Joqarı klasslarda jazıwshılardıń ómirbayanı olardıń dóretiwshilik jolı menen baylanıslı halda úyreniledi. Bunda oqıwshılardıń dıqqat-itibarı jazıwshınıń ádebiyattı rawajlandırıwdaǵı úlesine, jámiyetlik-siyasiy turmısta tutqan ornına qaratıladı. Bul máseleler boyınsha maǵlıwmattı tiykarınan sabaqta jazıwshınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında ótiletuǵın materialdan aladı. Ayırım shıǵarmalardı oqıw hám úyreniw arqalı ol haqqında keń túsinikke iye boladı.[10]

Haqıyqatında da hár bir shayırdıń dóretiwshiliginiń ózgesheligi hám óz jolı bar. Hár bir dóretpe (tvorchestvo) óziniń ayrıqshalıq sıpatına iye bolıp, stil`lik

---

[9]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 58-бет.

[10]Зуннунов А., Ҳотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: Ўқитувчи, 1992, 202-бет.

ózgesheliklerinde kórinedi. Ol ózinshe bólek jatqan ilim. Sol ushın búgingi sabaqtıń jobasın dúziwden aldın jańa ádebiy dóretpeniń mazmunın tolıq óz ishine jámlegen sabaqtı qurallandırıwdıń múmkinshiliklerin islep shıǵamız. Dáslep jańa bilimler menen tanıstırıw sabaǵınıń (bunı muǵallimler kirisiw sabaq tipi dep te júritedi) jeke jobasın dúzip alamız.

Sabaq nátiyjeliligi, tiykarınan, oqıw procesinde qollanılatuǵın pedagogik texnologiyalarǵa baylanıslı[11]

**Sabaqtıń tipi**: Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipi

Sabaqtıń teması: Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı shıǵarmaları

**Sabaqtıń maqseti:** a) Oqıwshılarǵa Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı dóretpeleri boyınsha jańa bilimler beriw; b) Oqıwshılardı Jiyenniń shıǵarmaları arqalı adamgershilikke, watan súyiwshilikke tárbiyalaw; v) Oqıwshılardıń til baylıǵın, oy-órisin rawajlandırıw.

**Sabaqtı qurallandırıw:** Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushincha va tamoyillar. (İzoxli kwrgazmali vositalar). Toshkent, "Yangi asr avlodi", 2001. Á.Paxratdinov. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis, 2004. Ájiniyaz, (qosıqlar) Nókis:-«Qaraqalpaqstan», 2016-j.

**Kórsetpeli qurallar**. Al`bomlar, Shayırdıń fotosúwretleri, Ájiniyaz oqıǵan medreseniń fotosuwreti, «Ziywar» qısqa metrajlı fil`m.

**Sabaqtıń barısı:**

1.Shólkemlestiriw.

2.Jańa tema

3.Sabaqtı bekkemlew.

4.Úyge tapsırma.

Bul sabaq tipinde úy tapsırması soralmaydı.[12] Sonlıqtan, oqıwshılardıń barlıq oy-dıqqatın Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı dóretiwshiliginiń ózine tán ózgesheliklerine awdaramız. Dáslep klassta sabaqtıń shólkemlestiriw basqıshında oqıwshılardı Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı degen temamızdıń ataması menen

11 Marshall L, Rowland F. A Guide to learning Independently. Ldn, 1998.220p.

[12]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 143-бет.

tanıstıramız (tema taxtaǵa jazıladı, yaki tayarlanǵan kórsetpeli qural ildiriledi). Sońınan búgin ótetuǵın temamızdıń jobası usınıladı. Bunı belgili kólemdegi qaǵazǵa jazıp kelip taxtaǵa qıstırıp qoysaq ta boladı.

Sabaqtıń jobası:

1. Ájiniyaz jasaǵan dáwirge siyasiy, ádebiy-tariyxıy sıpatlama.
2. Ájiniyazdıń ómiri tuwralı maǵlıwmat
3. Shayırdıń lirikalıq shıǵarmaları
4. Shayırdıń «Bozataw» lirikalıq poeması
5. Shayır dóretpeleriniń izertleniw jaǵdayları
6. Ájiniyaz qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı.

Bunnan soń Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı lirikaları haqqında lektsiya usılınan paydalanamız (oqıwshılardıń bilim dárejesi esapqa alınǵan mektep lektsiyasınan).

Muǵallim Ájiniyazdıń Watan temasındaǵı lirikaların oqıwshılarǵa jeterli túsindiriw ushın eń aldı menen sol dáwirge ádebiy sıpatlama berip aladı. Óytkeni sol dáwirdiń ádebiyatında sáwlelenetuǵın tariyxıy dáwir, siyasat, jámiyetlik-sotsiallıq jaǵday, tábiyat ózgeshelikleri, mádeniy jaǵdaylar hám taǵı basqalar temanı ótiw dáwirlerinde túsinikli bolıw ushın kerek boladı. Ol ushın muǵallim XIX ásir tuwralı tariyxshılardıń pikirlerin esapqa aladı.

Házirgi zaman talabı oqıtıwshılardan tek ǵana óz predmetin bilip qoymastan, bálki zamanagóy oqıw qollanbaların jaratıwda, sabaq barısın alıp barıwda zamanagóy kompyuter hám telekomunikaciya texnologiyaların qollanıwı hám bul texnologiyalarda tereńnen islewdi, olardı basqara alıwdı talap etedi. [13]

**Juldızlar shınıǵıwı**

**Ótkeriw usılı:** Sabaq baslamastan aldın reńli qaǵazlardan úlken juldızlar isleń. Artına temaǵa say sorawlardı jazıp, diywalǵa ildirip qoyıń, bezew siyaqlı, oqıwshılar toparǵa kirmesten burın. Sabaq juwmaqlawda, onsha qatnaspaǵan

[13] Wright A Visual Materials for the language Teacher. Ldn. Longman, 2006. 180p.

oqıwshılardı ortaǵa shıǵarıp óz qálewi menen qálegen juldızdı alsın hám sorawǵa juwap bersin. Juldızlar tamam bolmaǵansha dawam etiń.

## III Bap. Ájiniyazdıń ómiri hám dóretiwshiligin mashqalalı tálim texnologiyasın qollanıw

Mashqalalı tálim oqıwshılardıń dóretiwshilik pikirlewin h'ám dóretiwshilik qábiletlerin ósiriwde úlken áh'mietke ie. Mashqalalı tálimniń baslı maqseti -oqıwshılardıń mashqalanı tolıq túsiniwge erisiw h'ám olardı sheshe alıwǵa úyretiwden ibarat. Mashqalalı tálimdi ámeliyatta qollanıwda tiykarǵı máselelerdiń biri úyrenilip atırǵan tema menen baylanıslı mashqalalı jaǵdaydı jaratıwdan ibarat.

Túrli oqıw pánleri boyınsha oqıtıwshılar sabaq protsesinde mashqalanı payda etiwdi h'ám olardı sheshiw usılların aldın-ala kózde tutıwı kerek. Mashqalalı waqıyalar yaki jaǵday tómendegi usıllarda jaratıladı:

-oqıtıwshı oqıwshılarǵa sabaq teması menen baylanıslı qarama-qarsılıqlı jaǵdaydı túsindiredi h'ám onı sheshiw jolın tabıwdı usınıs etedi;

-qanday da bir máselege tiyisli kóz-qaraslardı bayan etedi;

-sheshimi jetkilikli bolmaǵan yaki artıqsha maǵlıwmatlar bolǵan, bolmasa sorawı qáte qoyılǵan máselelerdi sheshiwdi usınıs etedi h'ám t.b.

Mashqalalı waqıyanı sheshiwde tómendegi jollardı tańlaw múmkin:

-oqıtıwshı mashqalanı ortaǵa taslaydı h'ám ózi sheshedi;

-oqıtıwshı mashqalanı ortaǵa taslaydı h'ám onıń sheshimin oqıwshılar menen birgelikte tabadı;

-oqıwshılardıń ózleri mashqala qoyadı h'ám onıń sheshimin ózleri tabadı. Mashqalalı tálimniń tiykarǵı ideyası bilimlerdi oqıwshılarǵa tayar h'alda

beriw emes, olar tárepinen sabaq temasına tiyisli mashqalalar boyınsha oqıw-izleniwlerin alıp barıw tiykarında ózlestiriliwin támiyinlewden ibarat.

Ózbekstanda mashqalalı tálimdi qollanıw boyınsha bir neshe ásirler dawamında mektep h'ám medreselerde Sokratsha soraw-juwap usılınan keń paydalanıw tiykarında oqıwshılarda ziyreklik, tez juwap beriwshilik sıpatları h'ám shıraylı sóylew júzege kelgen. Sokratsha soraw-juwap usılı h'ázirge shekem eń nátiyjeli bilim beriw usılınan biri sıpatında qollanıladı. Bunda oqıwshı tereń logikalıq pikirlewge, ziyreklikke, anıq h'ám durıs sóylewge, pikiriniń logikalılıǵı menen rawajlanǵanlıǵına h'ám kritikalıq dóretiwshilik pikirlewge úyretildi. Máselen, Sokratsha sáwbetler degende oqıtıwshınıń oqıwshını erkin h'ám aktiv pikirlew protsesine alıp kiriwi h'ám onıń pikirlewindegi qáteliklerdi ziyreklik penen anıqlaǵan h'alda olardı durıslawdan ibarat usıllar názerde tutıladı. Bunday sáwbet basqıshların tómendegishe ápiwayılastırıp kórsetip beriw múmkin:

1) Soraw-juwaplar arqalı oqıwshınıń bilim dárejesi h'ám pikirlew qábiletiulıwmalıq túrde anıqlanadı.

2) Úyrenilip atırǵan temanıń mazmunın oqıwshı motivlerine muwapıqlastırıw. Bul tiykarınan, oqıwshınıń qızıǵıwshılıq h'ám qábiletlerine say bolǵan mısallar tańlaw arqalı ámelge asırıladı.

3) Oqıwshını aktiv qarım-qatnasqa alıp kiredi. Bunda tiykarınan marapatlaw usıllarınan paydalanıladı.

4) Oqıtıwshını ózin bilmeytuǵın adamday, ózin oqıwshıday etip tutıp, sorawlar berip baradı.

5) Oqıwshınıń durıs pikirlerin xoshametlew arqalı onı jáne de erkin h'ám tereńirek pikirlewge, sóylewge tartadı.

6) Oqıwshınıń qáte pikirlerin anıqlap baradı.

7) Oqıwshınıń qáte pikirlerine baylanıslı durıs pikirdi oqıtıwshı tárepinen jáne de anıq logikalıq jaqtan dáliyllengen formada bayan etiw h'ám túsindiriw arqalı oqıwshı ushın mashqalalı waqıya shólkemlestiriledi h'ám oqıwshı óz qátelerin ózi durıslawǵa baǵdarlanadı.

Ha`zirgi kúnde dúnya júzlik globallasqan sha`rayatta ja`mietimizdin` rawajlanıwı oqıwshılardın`, studentlerdin` erkin, teren` piker júritip túrli variantlardı salıstırıp qarar qabıl qılıwǵa úyretiwdi keltirip shıǵrdı. Bunday kónlikpelerdi qa`liplestiriwge ja`rdem beretuǵın sabaq ótiwdin` túrli formaların ha`m metodların qollanıw za`rúrligi úlken. Sonın` menen birge bilimlendiriw sistemasında ózine ta`n ózinsheliklerdi bahalaw ólshemleri, sabaq ótiwde muǵallimnin` tutqan ornı, qoyılǵan maqset, oqıtıw ha`m na`tiyjeliligine qarap bilim beriw protsesin shólkemlestiriw de belgili orındı ieleydi. Pedagogikaǵa tiyisli a`debiyatlarda bilim beriw protsesin shólkemlestiriwge jantasıw bir neshe toparlarǵa bólip kórsetilgen. Ma`selen, belgili alım G. K. Selevko ózinin` "Sovremennıy obrazavatelnıy texnologii" kitabında dagogikalıq texnologiyalrdı túrli ta`repten jantasqan halda en` kóp oneki toparǵa ajıratadı. Bunı úyreniw pedagogikalıq texnologiya pa`ninde a`melge asırıladı[14].

Pedagok alım D. Ta`jibaeva ha`m A. Yóldashevlar ta`lim sistemasına jantasıwdın` úsh túrin atap kórsetedi olar: da`stúriy (túsindiriw- illyustrativlik) jantasıw, texnologiyalıq jantasıw, izertlew- dóretiwshilik jantasıw.[15]

Ilimiy ja`mietshiligimizge ma`lim, Respublikamızdaǵı ka`sip- óner kolledjlerinde sabaq ótiwdin` lektsiya formasınan ken` qollanıladı. Lektsiya bilimlerdi sóz benen bayanlaw, awızeki bayanlawdı na`zerde tutıp kóleminin` úlkenligi, logikalıq qurılısı, ulıwmalastırıwdın` quramalılıǵı menen ajıralıp turadı. Ha`m a`meliyatta kóbinese da`stúriy jantasıwǵa tiykarlanıp sabaq ótiledi. Bunnan tısqarı ka`sip- óner kolledjlerinde sabaq ótiwdi shólkemlestiriwde ta`limnin` texnologiyalıq jantasıwǵa tiykarlanǵan teren`lestirilgen lektsiya sabaq formasın da qollanıw múmkin. Teren`lestirilgen lektsiya oqıwshılarda analizlik pikirlew kónlikpelerin payda etiw, rawajlandırıw, universal tiykarlarǵa súenip tayarlanǵan lektsiyanın` bir variantı. Bunda lektsiya protsesinde oqıwshılar sabaqqa belsene qatnasadı, sabaq barısı birge islesiwge tiykarlanadı. Lektsiyanı oqıwda qollanılatuǵın metod ha`m qurallar, tıǵız baylanısqan sorawlar boyınsha aldın ala

---

[14] Azizxojaeva N.N Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat T.,O'zbekston yazuvshilar uyushmasi Adabiyot zamg'armasi nashiryoti 2006.65 bet

[15] D. Ta`jibaeva , A. Yo`ldashev. Maxsus fanlarni o`qitish metodikasi. Toshket, "Aloqachi" nashriyoti, 2009, 77-bet

proektlestirilip, lektsiya sabaǵının` texnologiyalıq kartasında kórsetiledi. Ol sabaqtın` stenariysi bolıp, onın` tiykarında sabaq protsessi shólkemlestiriledi. Metodist alımlardın` pikirlewinshe, sabaq ótiwdin` bunday formasında lektsiya logikalıq jaqtan juwmaqlanǵan bóleklerge bólinetuǵınlıǵı, bul lektsiyada tıǵız baylanısqan sorawlar qoyılatuǵınlıǵı, ha`r bir bólim yamasa soraw a) umtıldırıw b) an`law, túsiniw v) pikirlew, oy- óris basqıshlarına ajıratılǵanlıǵı haqqında ayırıqsha toqtalıp ótiledi.

Ka`sip- óner kolledjlarinde qaraqalpaq a`debiyatınan sabaq ótiwdi shólkemlestiriwdin` bunday formasınan qollanıw da múmkin. Kolledjlerde A`jiniyaz shayır dóretiwshiligin oqıtıwda sabaq protsessinin` texnologiyalıq kartasın mısal retinde kórsetiwge boladı.

Tarqatpa material: Kishi toparlardın` jumısların bahalaw kestesi

| ***Kishi toparlar*** | ***Tapsırma*** | ***Juwaptın` durıslılıǵı, anıqlılıǵı*** | ***Túsinikliligi ha`m qısqalıǵı*** | ***Oqıwshılardın` belsendiligi*** | ***Toplaǵan balı*** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1-Kishi topar | 1. Tapsırma<br>2. Tapsırma<br>3. Tapsırma | | | | |
| | Ja`mi | | | | |
| 2-Kishi topar | 1. Tapsırma<br>2. Tapsırma<br>3. Tapsırma | | | | |
| h.t.b. | Ja`mi | | | | |

Tarqatpa material:

Kishi toparlarǵa tapsırma

A`jiniyaz shayır lirikalıq shıǵarmaların mazmun ha`m formalıq jaqtan toparlarǵa bóliw

| *A`jiniyaz shayır lirikasının`mazmunlıq jaqtan bóliniwi* | | | |
|---|---|---|---|
| A`jiniyaz lirikasında Watan teması, atları keltiriledi | Filosofiyalıq lirika | Didaktikalıq lirika | Muhabbat lirikası |
| *A`jiniyaz shayır lirikasının`janrlıq jaqtan bóliniwi* | | | |
| Muxammes | G`a`zzelleri | Rubayıları | Murabbaları |

Tarqatpa material Delfa metodı

Oqıwshılardın` dóretiwshilik piker júritiw, bildirilgen pikirlerdi salıstırıp baha beriw kónlikpelerin qa`liplestiretuǵın metodlardan biri. Onda ol yaki bul ólshemlerge muwapıq neytral variantlar tan`lanadı ha`m olardan a`hmiyatliregi ajıratıladı.

| ***Neytralılıq*** | ***A`jiniyaz Qosıbay ulınıń` qaraqalpaq a`debiyatinda tutqan ornı neler menen belgilenedi?*** | ***Bahalaw, tan`law*** |
|---|---|---|
| 1 | Shayırdın` Xiywadaǵı medreseni pitkergenligi | |
| 2 | Qaraqalpaq awıeki dóretpelerinen ruwxıy azıqlanǵanlıǵı | |
| 3 | Shıǵıs poeziyası úlgilerin jaqsı bilgenligi | |
| 4 | Qurǵınlı shan`araqtan shıqqanlıǵı | |
| 5 | A`debiyatımızdı teren` mazmunlı lirikalıq shıǵarmalar menen bayıtqanlıǵı | |
| 6 | A`debiyatımızǵa shıǵıs poeziyasının` túrli janrlıq formaların alıp kelip, rawajlandırǵanlıǵı | |
| 7 | Qazaq elatına saparǵa barıp qaytqanlıǵı | |
| 8 | Kóbirek muhabbat temasına arnap dóretpeler jazǵanlıǵı | |
| 9 | Turmıs shınlıǵın sheberlik penen kórkem túrde | |

| | | |
|---|---|---|
| | súwretlegenligi | |
| 10 | Qıssaxanlaıq penen shuǵıllanǵanlıǵı | |

Ulıwmalastırıp aytqanda texnologiyalıq jantasıwǵa tiykarlanıp kolledjlerde qaraqalpaq a`debiyatınan lektsiya oqıwdın` ayırım kemshilikleri bar ekenligin aytıp ótiw orınlı. Bular texnologiyalıq karta boyınsha ajıratılǵan waqıtqa qaraǵanda kóp waqıt talap etedi. Lektsiyadaǵı sorawlardı rejelestirgendey talqılaw ushın waqın jetispewshiliginin` itimallıǵı kúshli. Muǵallimnen úlken pedagogikalıq sheberlikti ózinshe izleniwshilikti, ilimiy izertlewge beyimliligin ham oqıwshılardın` sabaqqa puxta tayarlanıp kelip belsene qatnasıwı talap etiledi. Oqıwshılardın` bilim da`rejesi keskin ajıralıp turatuǵın toparlarda bunday lektsiya formasında sabaq ótiwdi shólkemlestiriw qıyınraq. Degen menen bul ka`sip- óner kolledjlerinde a`debiy bilim beriwdin` na`tiyjeliligin asırıwǵa, oqıwshı jaslardın` ruwxıy jaqtan jetik insan bolıp qa`liplesiwine ózinin` unamlı ta`sirin tiygiziwi menen xarakterlenedi.

Keyingi waqıtları mektep oqıwshılarınıń bilim alıwǵa qızıǵıwshılıǵınıń páseyip baratırǵanlıǵı  haqqında kóp gáp aytılıp atır. Bunıń hámmege málim sebebi – oqıwshınıń sabaqtaǵı awızeki sózlerdi tıńlap, esta saqlaw uqıplılıǵınıń páseyip baratırǵanlıǵı.  Al bunıń tórkini nede degen sawalǵa juwap beretuǵın bolsaq,  ga`p oqıwshınıń sabaqtaǵı tińlaǵısı  kelmeytuǵınlıǵında emes, onıń tıńlaw  tásilin durıs meńgere almaǵanıǵında.  Muǵallimniń sózinı tińlamay turıp, bilimdi tolıq ózlestirip bolmyadı.

Tıńlaw- bul este saqlaw ushın  sheshiwshi ról oynaytuǵın, maǵlıwmat ózlestiriwshi aktiv qubılıs.  Bıraq  30-35 minut dawamında sabaqtı úziliksiz tıńlap otırıw ańsat emes. Psixologlardıń baqlawlarına qaraǵanda, oqıwshı sabaqtı tek 10-15 minutqa deyin ǵana tıńlawı múmkin,  keyin miyi sharshaydı. Sebebi júye(nerv) sistemasi, belgili waqıt ishinde  belgili bir interval menen,  belgili bir bir maǵlıwmatlardı  ǵana ótkize aladı. Al, kópshilik oqıwshılar sabaqtı tıńlap otırǵanday bolıp kórinse de,  muǵallimniń aytıp atırǵan sózleri onıń qulaǵına

kirmeydi. Klassta sabaq waqtında taza temanı ózlestirmegen oqıwshı úyde ol temanı, ha`zirgi awır tiller menen jazılǵan oqıw qurallarınan oqıp ózlestiriwi qıyın boladı. Onıń ústine hár túrli málimleme kópshiliginen oqıwshılar óz dıqqatların jámlestiriwge kúshi jetpey qaladı. Demek, oqıwshılar óz erkin basqarıp, uslap tura almaydı degen sóz, al óz erkin ózine baǵındırıw ushın kúsh salıwshı oqıwshılar, ásirese jaslar arasında házirgi waqıtta siyrek ushrasadı. Mine, sonday oqıwshılarda ózleriniń kemshiligin oylaw qubılısı bolmaydı, hámme nárseni kelte hám jeńil oylaydı, óziniń turmusınıń ańsat ótkenligin jaqsı kóredi, onın` ushın ózlerin qıyınshılıqqa urmaydı. Nátiyjede olar arqada qalıwshı oqıwshılar qatarınan orın aladı.

Mine, usı hámme sebep hám dálillerdi esapqa ala otırıp, biz, oqıtıwshılar oqıwshılarǵa tıyanaqlı bilim beriw ushın oqıtıw- tárbiya isleriniń hár qıylı metodların izlestirip oylap tabıwımız hám olardıń tıyımlilerin iske engiziwimiz yaǵniy bizden oqıwshılar uzaqlassa, bizler oqıwshıǵa jaqınlasıwımız, bilim alıwǵa qızıqtırıwmız kerek.

Menińshe oqıwshılar menen klassta, sabaq waqtında islesiw kerek dep oylayman. Yaǵniy oqıwshılarǵa ótilgen taza temanıń ádewir bólegin, onıń tiykarǵı mánisin bildirip jibersek, oqıwshılardıń úy tapsırmaların orınlawı jeńillesedi. “oqıwshılarda oqıǵan menen bári- bir túsinbeymen” –degen keyiptegi túsiniliwshilik bolmaydı. Nátiyjede áste- aqırın ózlerinde isenim payda bolıp, sol sabaqqa qızıǵıwshılıǵı artadı.

Oqıwshılarǵa taza temanı úyretip, bildirip jiberiw azǵana waqıttıń ishinde múmkin emestey kórinedi. Eger oqıtıwshı jalıqpay, miynetten qorıqpay, haq kewili menen islese, sátli shıǵatuǵın is ekenligin kóp jıllıq tájriybemnen kórip otırman. Bunıń ushın men qosımsha, materiyallardı paydalana otırıp, hár bir ótilejaq taza temanı ózimshe oqıwshılarǵa ańsat til menen, qısqa jol menen, jergilikli mısallardan paydalanǵan halda tiykarǵı maǵızın ashıp beretugınday dárejede qayta islep shıǵaman. Buǵan mısaldı men oqıwshılar ushın awır tiller menen jazılǵanday bolıp kórinetuǵın 8-klasstıń qaraqalpaq ádebiyatı

sabaqlığınan almaqshıman. Mısalı: " Ájiniyaz Qosıbay ulı" degen temanı ózimshe qalay óttim.

Bul temanıń "Ájiniyaz Qosıbay ulı" degen tema taza joldan turadı. Ájiniyaz Qosıbay ulı 1824-jılı Moynaq rayonınıń "Qamıs bóget" degen jerde tuwıladı. Ata-babaları balıqshılıq, ańshılıq hám egin egip kún kóretuǵın adamlar bolǵan. Ájiniyazdıń ákesi Qosıbay, onıń ákesi Baltabek, arǵı aǵası Aqjigit óz dáwiriniń batır adamları bolǵanlıǵı málim anası Náziyra sózge sesheń, óz dáwiriniń dilwar hayallarınıń biri bolǵan. Dástánlardı jaqsı bilgen, ásirese juwap aytısta aldına adam salmaytuǵın taqıwa adam bolmaytuǵın seziledi. Ákesi Qosıbay da shayır hám mergen adam sıpatında kózge túsken.

Ájiniyaz jaslayınan-aq, oqıwǵa berligen, ziyrek bala bolıp ósedi. Bıraq onıń jaslayınan anasınan ayrılıp qalıwı, kóp ǵana qıyın jaǵdaylardı bastan keshiriwine sebepshi boladı. Ol dáslep Xojamurat medresesinde tálim aladı, bıraq anasınıń tosattan qaytıs bolıwı onıń oqıwın úziliske tu`siredi. Usınday kúnlerdiń birinde onıń tuwısqan dayısı Elmurat axun oǵan oziniń járdem qolın sozadı. "Jiyenimdi o`zim tárbiyalayman"- dep Ájiniyazdı óz medresesine alıp ketedi. Ájiniyaz medresede oqıw menen birge kóp ǵana kitaplardı kóshirip belgili kátip bolıw menen de tanıla baslaǵan. Ol on altı jasında Nawayınıń diywanınıń kóshirgenligi haqqında maǵlıwmatlar bar. Bıraq Ájiniyaz on jeti jasına kelgende Elmurat axun tosattan qaytıs boladı. Endi Ájiniyaz bilimin bunnan da joqarı kóteriw ushın ózine sáykes ustaz taba almay qaladı. Sonıń ushın da ol:

Zamanımız yoqdur yigit yurmaǵa,
At minip, ton kiyip, dáwrán súrmáǵá.
Men baxtı qaraǵa tálim bermaǵa,
Náylayin hesh adam shıqpas dildarim.-dep keltirip ótedi.
(Qaraqalpaq ádebiyati, 8-klass NÓKIS "Bilim" 2014-jil, 90 bet)
Usı túsinikti bılay etip qısqa bayanlayman. " Ájiniyaz Qosıbay ulı qaraqalpaq ádebiyatınıń ullı tulǵalarnıń biri esaplanadı. Ol 1824-jılı Moynaq rayonına tuwılǵan bolıp, onıń shańaraǵı balıqshılıq, ańshılıq hám egin egip kún kóretuǵın

adamlar bolǵan, Ájiniyazdıń Elmurat atlı dayısı bolǵan. Shayır jaslayınan baslap Nawayınıń diywanların kóshirgenligi haqqında maǵlıwmatlar bar.

Kórip turǵanday gáptiń maǵızı derlik tolıq saqlanǵan halda kólemi eki esege qısqarǵan. Usı sózler oqıwshıladıń yadında qalıwı ushın, áste aqırın taǵı bir ret qaytalayman. Keyin 1-soraw "Ájiniyaz Qosıbay ulı neshinshi jılı tuwılǵan?", 2-soraw "shayır qaysı rayonda dúnyaǵa kelgen"?, 3-soraw "Ájiniyaz shayırdiń anasınıń ismi kim bolǵan?". Hár bir sorawdıń oqıwshı ushın túsinikli bolıwına itibar beremen. Eger oqıwshı sorawdı aytqan waqıtta túsinbey qalsa, basqasha tu`rde tag`ı da a`piwayılastırıwg`a tırısaman.

Bul bayanlama, kitaptag`ıg`a qarag`ada a`dewir qısqa ha`m tu`sinikli. Mine usıg`an qarap oqıtıwshi o`z qa`legen formada soraw beriw mu`mkin. Mısali: Bunnan keyingi taza jollardı da tap usı taqilette, oqıwshılarg`a a`piwayılastırıp jetkiziwge umıtılaman.

Endi men oqıwshılardın`, aytqan so`zimdi sol waqıtta qalay qa`ytıp alatugınımdı ha`m qalay bahalaytug`ınımdı aytıp o`teyin. Mısal ushın bir sorawdı alayıq "A`jiniyazdın` omiri tuwralı mag`lıwmatlar"dı sorayman. Da`slep o`zim a`ste aqırın takrarlayman, ko`pshilik jag`dayda aytılg`an bir sorawdın` sol waqıtta juwabın beriw oqıwshilar ushın an`satraq derlik barlıq oqıwshı juwap bere aladı. Keyin birinshi oqıwshıdan, onnan keyin(birinshi oqıwshı juwap berse de, bermese de) ekinshi oqıwshıdan ha`m son` u`shinshi oqıwshıdan sorayman… ha`m t.b. oqıwshılar ornınan turmastan juwap beredi. Oqıwshı juwap beriwge ın`g`aylasqannan-aq, onın` juwap bere alatug`ınlıg`ı yamasa bere almaytug`ınlıg`ı belgili bolıp qaladı. Bunday jag`dayda da`rriw ekinshi don` oqıwshılardan soraladı. Belgili waqıt ishinde juwap bere almag`an oqıwshılarg`a irkilip turmayman. Al, eger oqıwshı berilgen sorawg`a sa`ykes durıs bag`darda juwap bere baslasa, juwabın ayaqlag`ansha waqıt beremen.

Solay etip bir minutlar ishinde, bir sorawdı 2-3 oqıwshıdan sorap u`lgeremen. Keyin usı sorawg`a tag`ı bir minuttay jumsap ekinshi du`rkin oqıwshılardan sorayman. Usi waqıt aralıg`ında, birinshi juwap bere almag`an oqıwshılardan

tag`ı qaytalap sorawg`a boladı. Olardan ekinshi ret soralg`anda juwap beretug`ın bolıp qaladı.

Bul jerde “bir ga`pti qaytalay beriwdin` ne keregi bar”-degen piker tuwıwı mu`mkin. Menin`she ha`r bir u`yreniletug`ın na`rse, qansha ko`p qaytalansa, ol, sonsha este qalatug`ınlıg`ın, men o`z ta`jriybemnen bilemen. Sonın` ushın sabaq waqtında, ha`r bir na`rseni ta`krarlawg`a ko`p itibar beremen.

Solay etip, oqıwshılaradan ha`r bir soralg`anda, bahalardı qolıma alıp ju`gen o`zimnin` jurnalıma qoyaman. Mine usı jol menen klasstag`ı oqıwshılardın` derlik barlıg`ınan sorap ha`m taza temanı o`tip te u`lgeremen.

Bug`an 38-43 minuttay jumsayman. Sabaq aqırında bir minuttay waqıt qaldırıp, oqıwshılarg`a lag`an bahaların oqıp esittiremen ha`m o`zleri jazıp alıwdı eskertemen. Eki sabaqtan keyin bahalardı juwmaqlastırıp, ortasha bahasın jurnalg`a ha`m ku`ndelikke ko`shiremen. Al, kelesi sabaqtı qosıp sorap baraman. Sabaqtı usinday etip, yamasa standart emes formada o`tiwdin` qanday tıyımlılıg`ı mu`mkin.

–sabaqqa ha`mme oqıwshı qatnastırıladı;

–sabaq janlı ha`reketshen` o`tkenligi ushın, oqıwshılar sharshamaydı;

–ko`p oqıwshıdan soraladı, haqiyqiy ha`m ko`p baha qoyıladı;

–ha`mmeden soraytug`ın bolg`anlıg`ı ushın, oqıwshı sabaqtı dıqqat qoyıp tın`lawg`a tırısadi. Na`tiyjede oqıwshının` dıqqatı ha`m tın`law uqıplılıg`ı artadı;

–oqıwshilar u`y tapsırmasın jen`ıl o`zlestiredi, sonlıqtan sabaqqa qızıg`ıwshılıq artadı;

–bahalar haqıyqıy boladı, oqıwshılar haqıyqatlıqqa u`yretiledi;

Oqıwshılarda tez pikirlew uqıbı artadı.

**Ájiniyazdıń «Didaktikalıq» qosıqların «zig-zag» metodında oqıtıw usılları**

**1-basqısh.** Auditoriyanı (klasstı) kooperativ (kishi) toparlarǵa bóliń hám oqıw materialın bólip beriń. Topardıń hár bir aǵzasına úyrenip shıǵıw hám topardıń basqa aǵzalarına tgsindirip beriw ushın hár qıylı material (1-oqıwshıǵa birinshi bet, 2-oqıwshıǵa ekinshi bet hám basqalarǵada usıǵan uqsas haldaǵı) bólimleri beriledi.

**2-basqısh.** Ekspertlik toparlar oqıw materialın úyrenedi hálm onıń prezintatsiyasın tayarlaydı. Ekspert toparı – bul birdey oqıw materialına iye hár qıylı kishi toparlardıń aǵzaları. (máselen, 1-bet úyreniwge berilgen oqıwshı bir A toparınıń aǵzası B topardıń 1-betti úyreniwshi aǵzası menen ushırasıpó birgelikte materialdı úyrenip shıǵadı.) Partner – ekspertler materialdı túsindiriwdiń usılların, jolların anıqlap aladı. Sonnan ekspert toparınıń basqa aǵzalarına materialdı túsindiredi hám olardıń qanday dárejede túsinip alǵanın anıqlaydı.

**3-basqısh.** Birgelikte oqıw (úyreniw) hám tekseriw ushın óz kooperativ toparına qaytıw. Studentler (oqıwshılar) óz kooperativ toparına qaytıp keledi. Usı jerde olar gezek penen bir-birine úyrenip shıqqan materialı menen tanıstıradı.

**4-basqısh.** Jeke hám toparlıq eap beriw. Biraq toparǵa onıń bir aǵzasınıń materialdı tolıq biliwine juwapker esaplanadı. Topar onıń hár bir aǵzasınan óz bilimin kórsetiwin sorawı múmkin. Bunń hár qıylı usıllar járdeminde iske asırıwǵa boladı. Máselen: Jazba tekseriw jumısın tayarlaw, bir qatar sorawlarǵa awızsha juwap beriw yamasa topardaǵı basqa aǵzalardıń úyretken materialın tolıq prezintatsiya islewdi tapsırıw múmkin.

**Oqıw tapsırmasın orınlaw boyınsha birgeliktegi isti shólkemlestiriw**

**Birinshi basqısh**

Oqıw materialı, orınlaw, nátiyjelerdi baxalaw kórsetkishi hám ólshemkeri, toparda islew qaǵidaları menen tanısadı.

**Toparda islew qaǵidaları:**

- ha`r kim o`z sheriklerinin` so`zlerin mu`la`yimlik penen tın`lawı kerek;
- ha`r kim aktiv, birgelikte islewi, berilgen tapsırmalarg`a juwap kershilikli qatınasta bolıwı kerek;
- ha`r kim ja`rdemge mu`taj bolg`anda ja`rdem sorawı kerek;
- ha`r kim ja`rdem sorag`anda ja`rdem beriwi kerek;
- ha`r kim topar isi na`tiyjelerin baxalawda qatınasıwı kerek;

**Ha`r kim anıq tu`siniwi sha`rt:**

- basqalarg`a ja`rdemlesip o`zimiz u`yrenemiz!
- biz bir kemedemiz: yamasa birge ju`zip shıg`amız, yamasa birge sho`gip ketemiz!

**2-basqısh. Toparda islesiw**

- Topardag`ı isti rejelestiredi
- Topar ishinde tapsırmalardı bo`listiredi
- Jeke ta`rtipte tapsırmalardı orınlaydı
- Toparda diskussiyanı o`tkeriw qag`iydalarına tiykarlanıp jeke ta`rtipte erisilgen na`tijelerdi oylasadı ha`m topar isisnin` ulıwmalıq na`tiyjelerin qa`liplestiredi.
- Shıg`ıp so`ylew ushın birgelikte alıp barılg`an is na`tiyjelerin tayarlaydı.
- Usı material bo`limin basqalar o`zlestirgenin anıqlaw maqsetinde o`z ara tekseriw sorawların tayarlaydı.

**Toparda diskussiyanı o`tkeriw qag`iydaları**

- Dodalawdı baslamastan aldın temanın` problemasın, predmetin anıq qa`liplestirip alın`. Talıqlanıp atırg`an problemanı ha`mme tu`sinip qabıl etsin.
- Izbe-izlik penen so`ylen`. So`ylep atırg`an so`zin bo`lmew kerek. Eger kimde-kim so`ylep baslasa qalg`anlar u`ndemew kerek.
- Dıqqat qoyıp tın`lan`, so`ylep atırg`an pikirin tu`siniwge xa`reket etin`. Dıqqat penen tın`law ko`rsetkishi so`ylep atırg`annın` pikirin, pozitsiyasın o`z so`zleri menen qayta aytıw uqıbı.
- So`ylep atırg`an o`z hu`rmetine tiyetug`ın, a`sirese negativ bag`dardagı baxalı pikirlerdi («jaman», «jaman emes», «ma`nissiz» ha`m basqalar alıp taslan`.
- Jeke-qarım qatınasqa o`tpen`. So`ylep atırg`an ha`r qanday jag`ıdayda jeke paziletine («sen ne geren`sen` be?») tiymesten so`zlerin kritikalaw yamasa talıqlaw mu`mkin.

- Kritika tiykarlı bolıwı kerek. «Bul bolmaydı» degen so`zlerdin` ornına «Sen ma`seleni nadurıs tu`sinipsen`» dep, qosımsha kiritin`.
- Dıqqatımızdı qa`telerge emes, al usınıstag`ı rawajlandırıw, qosımsha qılıw mu`mkin bolatug`ın pikirditabıw2g`a bag`darlaw kerek!
- O`tkerilgen analizden qanday juwmaqlar qılıw mu`mkin?
- Talıqlawg`a juwmaq jasan` ha`m onın` na`tiyjesinde jeterli da`rejede barlıq topar ag`zalarının` o`z pikirleri menen qatınasıwına erisin`

**3-basqısh. Shıg`ıp so`ylew**

- Topar ag`zaları birgelikte orınlang`an is na`tiyjelerin ko`rgizbeli qurallar ja`rdeminde shıg`ıp so`yleydi
- Basqalar usı material bo`limin o`zlestirgenligin anıqlaw maqsetinde o`z-ara tekseriw sorawların beredi.

Solay etip, ulıwma bilim beriw mekteplerinde klassiklalıq a`debiyatımızdın` talantlı wa`killerinin` biri A`jiniyaz Qosıbay ulınıń` o`miri ha`m do`retiwshiligin u`yretiwde aldıng`ı pedagogikalıq texnologiyalardın` ha`r qıylı metodlarınan utımlı paydalanıw mu`mkin. Mısalı, «Ekige bo`lingen da`pter», «Nilufar gu`li», « Zig-zag» sıyaqlı ha`zirgi zamanago`y pedagogikada qollanılıp atırg`an texnikalar arqalı tema oqıwshılar ta`repinen toil o`zlestirliwi mu`mkin.

Zig-zag metodın paydalanıw ushın mug`allim oqıwshılarg`a arnalg`an tarqatpa materiallardı tayarlawı kerek. Tarqatpa materiallar mektep sabaqlıg’ı tiykarinda tayarlanadi ,bolmasa mug’allim kitap penen islesiw shólkemlestiriwi múmkin. Tómendegishe tekstler topar oqıwshilarina bólip beriledi ,mısalı topardıń birinshi oqıwshisi ushin

Tekst№1

Klassika sózi úlgili ,tińlang’an degen pikirdi ańlatadi ,demek ,búgingi kúni shayir-jaziwshilar ushin úlgi bola alatug’inday kórkem shig’armalar hám bull shig’armalardi dóretken avtorlar klassikaliq ádebeyat wáqili ,klasliq shayir ,klassikaliq dóretpe bolip xizmet ete aladi.Qaraqalpaq ádebeyati tarixinda XVIII ásirde óz shig’armalarin dóretken Jiyen jiraw ,XIX ásir qaraqalpaq ádebeyati

tariyxinda óz shigarmalari menen xalqimizdiń kewlinen orin alg'an Kúnxoja ,Ájiniyaz ,Berdaq ,Ótesh siyaqli shayirlarimiz qaraqalpaq klasikaliq ádebiyatińiń talantli  wákilleri sipatinda tán alinadi

Qaraqalpaq mekteleriniń hámmesinde de oqıwdı aralas sabaq túrinde ótkere beriw múmkin. Aralas sabaq túri muǵallim ushın ańsat bolǵanlıǵı sebepli emes, al ótiwge tiyisli bolǵan materialdıń talap etiw zańlılıǵınan kelip shıǵadı.

Aralas sabaq túriniń sıpatlı belgisi, ol sabaqtıń hár bir etabı ushın qatań waqıttı talap etedi. Sol sebepli ádebiyat muǵallimi óziniń erteńgi 45 minutın etaplarǵa bólistiredi. Jáne de sol jobada sabaqtı oqıwshılar menen tabıslı alıp baradı.[16] Bul sabaq túri mektep turmısında háreketsheń qollanıladı. Sonlıqtan muǵallim jeke sabaq jobasın tómendngishe dúzse boladı:

I. Sabaqtıń teması hám tipi

1) Sabaqtıń tipi: Aralas sabaq túri
2) Sabaqtıń teması: Ájiniyazdıń didaktikalıq shıǵarmaları

II.Sabaqtıń maqseti:

a) Oqıwshılarǵa Ájiniyazdıń didaktikalıq  lirikaları boyınsha jańa bilimler beriw;

b) Oqıwshılardı Ájiniyazdıń didaktikalıq lirikaları arqalı adamgershilikke, watan súyiwshilikke tárbiyalaw;

v) Oqıwshılardıń til baylıǵın, oy-órisin rawajlandırıw.

III. Sabaqtı qurallandırıw:

1. Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushincha va tamoyillar. (İzoxli kwrgazmali vositalar). Toshkent, "Yangi asr avlodi", 2001.

[16] Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 47-бет.

2. Ájiniyaz (Qosıqlar). Nókis, «Qaraqalpaqstan»,2016.

3. Á.Paxratdinov. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis, 2004.

4. Kórsetpeli qurallar. Al`bomlar, súwretler.

IV. Sabaqtıń barısı:

1. Shólkemlestiriw.

2. Úyge tapsırmanı soraw:

a) Ájiniyazdıń ómirine baylanıslı maǵlıwmatlardı beriń;

b) Ájiniyazdıń dóretpeleri boyınsha túsinik beriń;

v) Shayır qosıqlarınan tásirli etip oqıp beriń.

2. Jańa tema: Ájiniyazdıń didaktikalıq shıǵarmaları

Ájiniyazdıń didaktikalıq lirikaları mazmunına hám tárbiyalıq áhmiyetine qarap oqıwshılarǵa úyretiw durıs másele. Jańa temanı taxtaǵa anıq etip jazıp, onıń jobası menen oqıwshılardı tanıstıramız: “Jaqsı”, ”Kerek”, ”Megzer” shıǵarmaları haqqında.

Jańa temanı monografiyalıq gúrriń usılı menen tolıq, jeńil, túsinikli til menen bayanlawǵa boladı. Kerekli jerlerin jazıp otırıwǵa oqıwshılarǵa ruxsat etiledi.

Ájiniyazdıń didaktikalıq shıǵarmaları dóretiwshiliginde kórip ótkenimizdey, onıń dáslepki dáwirde jazǵan shıǵarmalarınıń qatarına shayırdıń kótergen eń baslı teması qaraqalpaq miynetkeshleriniń basınan ótip atırǵan awırmanlıq turmısı, zaman shınlıǵı, xalıqtıń búlginshilik turmıslardı baslarınan keshiriwi sıyaqlı máseleler boldı.

Shayırdıń bul qosıqlarında sotsiallıq teńsizlik ótkir túrde sóz etilip, óz basındaǵı awırmanlıqtı kórsetiw arqalı miynetkesh xalıqtıń awır turmısı ashıp beriledi.

Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulı (1824-1878) óz zamanında Xiywada Sherǵazıxan medresesinde tálim alǵan, medreseni

pitkergennen keyin muǵallimshilik kásip penen shuǵıllanǵan ziyalılardıń ishindegi eń kórneklisi. Ol Qaraqalpaqstan hám Qazaqstan jerlerinde xalıq balaları ushın mektepler ashıp, jas áwladqa tálim hám tárbiya beriw isleri menen shuǵıllanǵan, jetik tájiriybege iye, eli-xalqı húrmetlegen ádiwli ustaz. Ol óziniń muǵallimshilik xızmetiniń barısında jaslarǵa bilim beriwdiń, olardı tez sawatlandırıwdıń jolların, usılların sheberlik penen ózlestirgen hám axun dárejesine iye bolǵan ulama. Ol óziniń oqıtıwshılıq xızmetiniń barısında oqıtıwdıń eń qolaylı jolların tınbay izlestirip, onı tawıp, oqıtıw protsesinde sınaqtan ótkerip hám sınaw jumısların dawam etken pidayı ustaz. Sonlıqtan da, ol balanı qurı yadlatıw isleri menen shuǵıllandırmaw kerekligin, al kerisinshe olarǵa túsindirip oqıtıwdıń, shákirtlerdiń óz betinshe oylawın, pikir júrgiziwin, qıyalın, seziwin rawajlandırıw kerekligin túsinedi. Sonıń ushın da óziniń sabaq ótiw barısında mashqalalı sawallardı ortaǵa taslap onıń juwapların shákirtlerine taptırıw yamasa bir mashqaladan ekinshi, onnan úshinshi mashqalalardı keltirip shıǵarıw usıllarınan kóbirek paydalanǵan degende oylarǵa adamdı eriksiz túrde keltiredi. Biz bunnan aldıńǵı jılları jazǵan maqalamızda Maqtumqulınıń «El jaqsı» qosıǵın Ájiniyaz arnawlı sabaq formasında óz shákirtlerine oqıttı hám onda mashqalalı oqıtıw formalarınan paydalandı degen pikirlerdi de bir neshe mısallar menen keltirip edik.

Bul maqalamızda Ájiniyazdıń oqıtıwshılıq xızmetine baylanıslı úsh pikirdi aytpaqshımız. Biziń birinshi - pikirimiz boyınsha Ájiniyazdıń jazǵan geypara qosıqları sabaq jobasına yamasa biz házirgi waqıtlarda ótilgen temanı bekkemlew ushın qollanıp atırǵan test sorawları menen onıń alter`nativalı juwaplarına uqsap ketedi. Máselen: Shayırdıń «Ayrılsa» qosıǵın alıp qarasańız onda:

Elinen ayrılǵan diywana bolur,
Yarınan ayrılǵan biygana bolur,

Hárreler ushuban parwana bolur,

Uyası buzılıp paldan ayrılsa.            (80-bet) [17]

degen qatarlar bar.Biziń pikirimizshe shayır bul qosıǵınıń ayırım kupletlerin óziniń sabaq ótiw barısında paydalanǵan. Bunıń ushın ol joqarıdaǵı mısal retinde kórsetilgen qosıq qatarların oqıwshılarǵa beyimlestirgen. Olarǵa aytılajaq oy-pikirdiń baslamasın berip, oqıwshılarǵa usı oy-pikirdi dawam etiw mashqalasın qoyǵan. Hár bir oqıwshınıń berilgen mashqalanı óz betinshe sheshiwine múmkinshilik tuwdırıp, joqarıda atap ótilgen qosıqtan alınǵan mısaldı óz oqıwshılarına tómendegi formada tarqatqan.

Elinen ayrılǵan ……………bolur,

Yarınan ayrılǵan …………… bolur,

Hárreler ushuban …………… bolur,

Uyası buzılıp ………………ayrılsa.

Sabaq ótiwdiń bunday mashqalalı forması arqalı onıń oqıtqan oqıwshıları birinshiden - óz betinshe pikirlewge úyretilgen, ekinshiden - óz betinshe logikalıq oylaw múmkinshiligine iye bolǵan, úshinshiden - ózleriniń alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliy islerde sınap kóriw imkaniyatına iye bolǵan, tórtinshiden – alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliy is júzinde bekkemlegen, besinshiden – oqıwshılardıń ózligin ańlawǵa qolaylı imkaniyat tuwdırıp bergen, altınshıdan – milliy qádiriyatlarımızdı ańlawdıń psixologiyalıq hám estetikalıq kórinislerin tabıwǵa múmkinshilik jaratılǵan hám jetinshiden - olardıń ózlerinde de ustazı Ájiniyazǵa eliklep qosıq jazıwǵa bolǵan qumarlıq oyana baslaǵan.

Biziń shamalawımız boyınsha Ájiniyaz mashqalalı oqıtıwdıń tek ǵana joqarıda kórsetilgen variantı menen sheklenip qalmaǵan. Máselen, ol joqarıda

---

[17] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

kórsetilgen variant boyınsha hár bir qosıq qatarınıń baslamasın berip, qalǵanın soraw taqıletinde qaldırǵan bolsa, kelesi sabaq ótiw waqtında qosıq qatarınıń baslamasın soraw taqıletinde qaldırıp, qosıq qatarınıń aqırǵı betlerin oqıwshılarǵa bergen.

(Tulpar) ……………………degen yabı yańlı bolmaydı,
(Tawdan) …………………… qaytpas doynaǵınan ayrılsa,
(Dárt) ………………………kóbeyse tánde dárman qalmaydı,
(Jer) ……………………… tayanıp qanatınan qayrılsa.

Al, bunnan sońǵı variantlarında qosıqtıń hár bir qatarınan bir sóz túsirip qaldırılǵan. Demek, biziń pikirimizshe qosıq qatarların:

Bul dúńyanıń …….. adam balası,
Sol adamnıń ……… jeter nalası

formalarında da paydalanǵan bolıwı da itimaldan shette emes.

Biziń ekinshi pikirimiz boyınsha Ájiniyaz shıǵarmaların sabaq ótiw barısında óz bilim sheńberiniń keńliginen aqılǵa muwapıq paydalana bilgen. Ózi iyelegen bilimlerdi bárqulla óz oqıwshılarınıń miyine sińdirip ketiwdi maqset etken. Máselen, ol óziniń «Násiyhat» qosıǵı arqalı:

Sóylese shiyrindur jahanda tili,
Kelse shadıqurram boladur eli.
Árman bilán ótti, ol Maqtumqulı,
Ol hám nimá kórdi, ey dúńya sandin- (103-bet)[18]

dep násiyatlaydı.

Egerde sizler bul qosıq penen tereńirek tanısqan bolsańız, onda Ájiniyazdıń shıǵarmaların sabaq barısında tariyxıy maǵlıwmatlardan da kóbirek paydalanǵanlıǵınıń guwası bolasız. Usı qosıǵında Ájiniyaz medresede alǵan tariyxıy maǵlıwmatlarına súyengen halda Zal, Rustem

[18] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

batırlardıń jeti júz jıl jasaǵanlıǵı, Firdawsidiń bir dástandı otız bes jıl jazǵanlıǵı, saqıylıqta atı shıqqan Qarunbaydı, Gretsiyalı ilimpaz Arastudi (Sokrat), aspanu zamindi bilgen ilimpaz Aplatundi (Aristotel`), táwip, shıpaker – Hákim Ulıqpandı, Shıńǵısxan, Nadırshax, Madraxim xanlar haqqında da bir qansha tariyxıy maǵlıwmatlardı beriw imkaniyatına erisedi.

Úshinshiden, Ájiniyaz óziniń jazǵan qosıǵında jaslar tárbiyasına da ayrıqsha itibar beredi. Máselen, onıń «Kerek» qosıǵın alıp qarayıq:

Tentekke judırıq, májgúnge urıs,
Jillige tóbeles, palwanǵa tutıs,
Bedewge juwırıs, buwdanǵa júris,
Yabıǵa hám quyrıq penen jal kerek.[19]

Ájiniyaz bunday mazmunda jazılǵan qosıqları arqalı jaslarǵa, ózi oqıtatuǵın balalarǵa: «Balalar tentek bolmańlar. Tentek adam tek ǵana judırıqlasıwdı biledi. Onnan diyanatlı adam shıqpaydı. Májgún adam tek ǵana urısıwdı biledi. Tárbiya kórgen adamlar judırıqlasıwdan, tóbelesiwden ózin saqlap júredi» dep násiyat bermekshi boladı.

Ájiniyaz balanı kishkeneliginen durıs tárbiyalaw kerekliginde ata-analarǵa esletedi. Egerde balalarǵa kishkeneliginen baslap durıslı tárbiya berilmese, onda ósirip atırǵan balańnıń aqmaqqa aylanatuǵınlıǵın, ol átirapındaǵı xalayıqqa kóz salıp bilmese, aǵayin-tuwǵandı tanıwdan qalsa, ásirese ózińniń tilińdi almasa – onda qalǵan ómirińniń zimistanǵa aylanatuǵınlıǵın da ata-analarǵa esletiwdi óziniń wazıypası dep esaplaydı.

Juwmaqlap aytqanda, joqarıda keltirip ótilgen mısallarda kórgenińizdey Ájiniyazdıń oqıtıwshılıq xızmetlerindegi dóretiwshiligi birinshiden, ózligimizdi, milliy qádiriyatlarımızdı ańlawdıń pedagogikalıq, psixologiyalıq hám kórkem estetikalıq deregi esaplanadı. Ekinshiden, Ájiniyaz babamızdıń

---

[19] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. “BILIM”. 1994.

sabaqqa tayarlanıwları, sabaq barısında óz qosıqlarınan tayarlıq joba sıpatında paydalanıwları, ásirese balalardıń alǵan teoriyalıq bilimlerin bekkemlew islerinde paydalanǵan mashqalalı oqıtıw metodları – onıń pedagogikalıq miynetlerinde házirgi zaman pedagogika ilimi elementleriniń óz sáwleleniwin tapqanlıǵınan derek beredi.

## Didaktikalıq lirika

Adam balası bul ómirde aqıllı hám parasatlı bolıp jasawdı kúsegen. Sol sebepli bul dúnyanıń ózi de tálim hám tárbiya úgitleri menen tolıp tasqan. Bunıń túp tiykarı ata-analardıń parasatlı sózlerinen baslanıp, sońı danalardıń didaktikasına barıp taqaladı. Sonıń ushında didaktika hár bir dáwir shayırlarınıń eń baslı teması bolıp kelgenligi de málim.

Arǵı bası Xoja Axmet Yassawiyden baslanıp bergi jaǵı Maqtumqulı dáwirlerde ábden rawajlanǵan didaktikalıq poeziya túrkiy ádebiyatınıń eń ájayıp ǵáziynelerine aylanǵanlıǵı málim.

Al Ájiniyaz bolsa Maqtumqulı poeziyasınan nár alıp ósken shayır. Sonıń ushın olda tálim-tárbiya didaktikasınan keyin qalǵan emes. Adamzattıń bul dúnyada jasaw maqseti ádalatlı túrde kún keshiriw, bul ómirdegi jaqsı hám jamanlıqlardıń aqıbetin seziw. Ózine de hám basqalarǵa da baxıtlı ómir inam etiw. Bıraq barlıq adam ómirde bir tekli emes. Sonıń ushında kópshilik tárbiyaǵa mútáj bolıp keledi. Sonıń ushında Ájiniyaz adamlar arasındaǵı parıqtı ayqın sezedi. Mısalı:

Adam ulı adam qádrin bilmese,
Onnan dúzde otlap júrgen mal jaqsı.
Aytqan sózdiń maǵanasın bilmese,
Ol adamnan tilsiz ósken lal jaqsı.
[20] (Jaqsı)

[20] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. “BILIM”. 1994.

Ájiniyaz adamlar arasındaǵı topaslıqtı, kóbirek tárbiyadan izleydi. Onıń pikiri boyınsha adamlar kóbirek sózi arqalı ayrıladı. Sebebi adamgershiliktiń ózi de dáslep til (sóz) arqalı belgili boladı. Sonıń ushın hárqanday adam oylanıp sóylewi kerek. Mısalı:

Sózlegende sózdiń parqın bilmegen,
Adam degen menen insan bolarma.
(Bolarma)

Páziylet bilmegen adam,
Tórt ayaqlı malǵa megzer.
(Megzer)

Shayır turmıstan alǵan óz tájriybeleri tiykarında pikir júrite otırıp jaqsılıq penen jamalıq shegaraların anıqlamaqshı boladı. Sebebi eń jaman nárse qıstaǵı qaqaman suwıq. Suwıqta adam ólip qalıwı da múmkin. Bıraq ǵayrı jurtlarda jalǵız júriw- bunnanda jaman. Al bulardan da eń jaman nárse tárbiyasız perzent.

Attan júyrik nárse joq. Bıraq ol mıń ursa bir jortpaytuǵın yabı bolsa, atım bar-dep esaplama. Onıń ornında júk kótere alǵanday ógizdiń bolǵanı jaqsı. Ájiniyaz bul pikirdi tórt qatarlı rubayıǵa ǵana sıydıradı.

Mısalı;

Qısh axbarı yaxshı ǵayrı elattan,
Ǵayrı elat jaqsı jaman zúryadtan.
Jorǵasız, júrissiz bir shaban attan,
Qos arbaǵa belli ógiz jaqsıraq.[21]

Ájiniyaz ómirdegi adamlardı jaqsı hám jaman dep eki toparǵa bólip qaraydı. Jaqsı adamlar ilim hikmetli, ádalatlı, birewlerge azar bermeytuǵın, óz miyneti menen kún kóretuǵın topar. Al jaman adamlar bolsa birewlerdiń ústinnen ósek sóz tarqatatuǵın, ótirikshi, jalaxor hám sútxor adamlar. Sonıń ushında ómirde bul ekewi arasında kelispewshilikler bolıwı tábiyiy. Shayır bul gúreste jaqsılar tárepinen de ekenligin bildiredi. Jaqsı adam bolıwı ushın adam keshirimli hám keń

[21] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. “BILIM”. 1994.

bolıwı kerek. Al kewilde giyne saqlay beriw jaman adamnıń talabı. Shayır bul haqqında:

Aqıllı yaxshınıń giynesi bolmas,
Yaman adam giyne tutsa umıtpas.
(Bolmasa)

-dep jazadı.

Bıraq gúreste jaqsı hám márt adamlarda jeńiliwi múmkin. Hárqanday jeńisti qolǵa kirgiziw ushın óz ideańdı maqullawshı sadıq tárepdarlar kerek- dep túsindiredi. Mısalı:

Márt penen námártti ayırar sawash,
Sawash maydanında kerek qarındash.
(Bolmasa)

Bunnan tısqarı dos penen dushpanǵa bir qıylı qatnas jasamaw kerek. Dostına óz pikirińdi tuwrı ayt. Al dushpan menen hiyle tiykarında pikirlesiw kerek boladı. Bolmasa eń izinde pushayman jeyseń-dep aytılǵan qatarlar shayırdıń "Bolmas" qosıǵınıń:

Dostıńa tuwrı ayt, dushpanǵa hiyle,
Bolmasa kóp bolar, ókpe hám giyne,

-dep baslanatuǵın qatarlarında anıq aytılǵan.

Ájiniyaz óz qosıqlarında perzent tárbiyasın oǵada joqrı bahalaydı. Onıń pikiri boyınsha perzent-adamzattıń keleshegi hám asqar tawı. Ómirde jaqsı perzent tárbiyalay alǵan adam ózin oǵada baxıtlı sezedi. Sebebi perzent quwanıshı hámme nárseden ústin.

Mısalı:

Bolsa jedelli márt ulıń,
Kewliń bálent tawǵa megzer.
(Megzer)

Al perzent óz kewlindegidey bolıp shıqpasa, onnan jamanı joq. Ol tek ózin ǵana emes, ata-ananıda jer menen jeksen etedi- degen pikirge keledi. Mısalı:

Axmaq bolsa tuwǵan balań,
Ómiriń zimistanǵa megzer.
(Megzer)

-dep aytadı.

Shayırdıń pikiri boyınsha hárqanday adam ómirdiń gózzallıǵın sezip jasawı kerek. Sonıń ushında adam hárqamday nárseniń qádirin bilmegi lazım. Bunıń ushın eń birinshi ashshı dushpanı sezip, turmıstı biliw kerek. Turmıstı bilmegen adam jaqsılıqtıńda, molshılıqtıńda ádalatshılıqtıńda qádirin bilmeydi. Yaki:

Dúzde ashlıq mashaqatın kórmegen,
Úyde ıssı nannıń qádirin ne bilsin.
(Ne bilsin)

Bunnan tısqarı “Zer qádirin zerger biler” degendey hárkim óz qádirin bilgen adamlar menen úlpet bolǵanı jaqsı. Sebebi qádirińdi bilmegen adam menen joldas bolsań xor bolasań- deydi. Mısalı:

Bir shopan dástine tússe bir almaz,
Shaxmaqqa xarj eter, qádirin ne bilsin.
Qarazban qolına tússe alǵır baz,
Qanatın qayırar qádirin ne bilsin.
(Ne bilsin)

Ájiniyazdıń kóp ǵana didaktikalıq qosıqları hayal-qızlar temasına arnalǵan. Shayır óz qosıqlarında zaman talabı tiykarında bahalaydı. Ol semyanıń (aylanıń) tiykarǵı ózegi hayal-dep biledi. Sonıń ushında hayal sáwer yar bolıw menen birlikte semyanı basqarıwshı. Usı tiykardan qaraǵanda hayal jaqsı hám jaman bolıwı da múmkin. Yaki:

Hayal jaqsı bolsa, kewlińdi ashar,
Hayal jaman bolsa, abırayıń qashar.

(Bolmas)

Ájiniyaz shınında da ayırım hayallardıń shárbayashılıq háreketlerin jaqtırmaydı. Hayal shınında da keń peyilli hám keshirimli bolıwı kerek. Olardıń mayda sózligi menen hádden ziyat ashıwshaqlıǵı semyaǵa apat alıp keledi dep túsinedi

Shayır erkeklerdiń kópshiligin úlken parasat iyeleri sıpatında túsinedi. Sonıń ushın olardı birinshi gezekte siylaw kerekliginde uqtıradı. Ájiniyaz jasaǵan zamanda er adamlar ishimlik ishpegen, Sonlıqtanda semyanıń buzılıwına kóbirek hayallar sebepshi bolsa kerek. Bul jaǵdayda shayırdıń ózi de biykarlay almaydı. Hayallardı kóbirek aqıllı hám parasatlı bolıwǵa shaqıradı.

Mısalı:

Jaman qatın erdıń aytqanın etpes,
Sózini tıńlamas, kewline jetpes,
Kúnde úy ishiniń ǵawǵası pitpes,
Márt yigittiń mudamı halı táń bolar.

Jamannan jaqsınıń sorasań parqın,
Aspan jer arası aydan kóp jaqın,
Jaman qatın biyzar eter elatın,
Sóylegende jaqsı menen teń bolar.

(Yigitler)

Sonıń ushında Ájiniyaz túsinigi boyınsha jaqsı hayal úydiń bezegi hám kórki. Sebebi miyman kútiw hárqanday adamnıń ziyneti. Adamnıń abırayınıń ósiwi de miyman kútiwden baslanadı. Al miyman kútiw kóp jaǵdayda hayalǵa baylanıslı boladı. Eger hayal miyman aldında sır aldırsa, yaki námaqul qılıq islese, onıń pásligin bildiredi. Soniń ushında ol:

Yigittiń shiyrin til hayal; bolsa,
Úyine qıdırıp miymanı kelse,
Alǵanı sállanıp, barını berse,
Miyman kútse, basqa isi bolmasa.

(Bolmasa)[22]

-dep óz pikirin ashıq aytadı.

Ájiniyaz jaqsı er menen jaqsı hayaldıń qoslas bolıwın qáleydi. Er menen hayaldıń qoslas bolıwın qáleydi. Er menen hayaldıń bir-birine sáykes kelmey qalıwı úlken apatshılıq- dep túsinedi.

Mısalı:

[1] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

Ishiń tolıp árman sherge,
Kewliń megzer qara jerge,
Jaman qatın jaqsı erge,
Tawsılmas dóhmetke megzer.

(Megzer)

Hayaldıń gózzal hám ádepli bolıwı tárbiyaǵa baylanıslı. Sonıń ushında hárqanday adam óz yarın tárbiyalawı lazım. Sonıń ushında Ájiniyaz óz yarına nasaq taǵıp, basqa hayallardı kúseytuǵın nákaslardı úlken sın astına aladı. Yaǵniy:

Kisinıń yaraına kúlip baqqannan,
Shıbın janıń ıshqı otına jaqqannan,
Óz boyıńa túrli nasaq taqqannan,
Óz yarıńnıń tárbiyasın ber jaqsı.

(Jaqsı)

Ájiniyaz óziniń didaktikalıq qosıqlarında forma menen mazmunnıń teń bolıwın qáleydi. Onıń pikiri boyınsha hóshirey hám sulıw qızlardıń hámmesin jaqsı dep atap bolmaydı. Sebebi hayal-qızlarǵa gózzallıq penen birge ádep ikramlılıq zárúr.

Mısalı:

Ádepsiz, ikramsız biypáhim qızlar,
Hóshirey bolǵanı menen jaman bolarma.[23]

[23] Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. "BILIM". 1994.

Ájiniyaz qullası, didaktikalıq poeziyanıń sheberi. Bul jağday onıń lirikasınıń hárbir qatarlarında ushıraydı.

## JUWMAQ

**XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyatının` kórnekli shayırı A`jiniyaz Qosıbay ulınıń` dóretiwshiligi a`debiyattanıw iliminde ózine ılayıq bahasın alıp, ilimiy-teoriyalıq kózqarastan, a`debiy-tariyxıy, lingvistikalıq, filosofiyalıq kózqarastan arnawlı úyreniledi. Shayırdın` dóretiwshiligi a`debiy miyras sıpatında ken` izertlenilgen:**

1. Shayır dóretiwshiligin izertlewdin` da`slepki basqıshları XX a`sirdin` 30-jıllarına tuwra keledi. Bul basqıshta shayırdın` ómirine tiyisli mağlıwmatlar toplanıp, shığarmaları xalıq arasınan jazıp alınıp, baspadan shığarıldı. Bul jumıslar XX a`sirdin` 60-jıllarına deyin dawam etedi.

2. Shayırdın` ómiri ha`m dóretiwshiligi tuwralı da`slepki pikir N.Da`wqaraevtın` qa`lemine tiyisli. Ol shayır tuwralı konkret ha`m tujırımlı pikir aytqan, shığarmalarının` baslı ózgesheliklerin belgilep ótken. Avtordın` bul pikirleri keyingi da`wirde A`jiniyaz dóretiwshiligin belgili bir problemalar a`tirapında izertlewge baslama boldı.

3. Shayır lirikasındağı metafora, metonimiya, sinekdoxa, ten`ew, epitetler sıyaqlı kórkem súwretlew quralları menen stilistikalıq figuralar da belgili da`rejede úyrenilgen. Bul ma`sele B.Genjemuratov ta`repinen arnawlı túrde izertleniledi. Lekin, izertlewshi jumısta Orta a`sirlik Shığıs a`debiyatının` ózgesheliklerinen shetlep batıs a`debiyatına ta`n belgiler tiykarında teoriyalıq talqı jasağan.

4. A`jiniyaz Qosıbay ulı dóretiwshiliginin` izertleniw jağdayın qarastıra otırıp, úyreniliwi tiyis bir qansha ma`selelerdi atap kórsetiwge boladı. Olar

A`jiniyazdın` fol`klorǵa qatnası, shayır shıǵarmalarının` tekstologiyalıq, ideya-tematikalıq ózgeshelikleri, kórkemlik qa`sietleri, «A`jiniyaz poeziyasında lirikalıq qaharman ma`selesi», «A`jiniyaz shıǵarmalarının` kórkemlik tili», «A`jiniyazdın` obraz dóretiw sheberligi» sıyaqlı ma`selelerden ibarat.

«Aqiliy hújim»

Bul metodta belgili bir tema tiykarında belgili mashqalalardı sheshiw talap etiledi. Misalı Ajiniyaz Qosıbay uliniń shıǵarmalarında ne sóz etiledi? Bunda oqıwshılar berilgen soraw tiykarında hár tárepleme pikir aytadı. Shinıǵıw qatnasiwshıları soraw tiykarında ózi pikir júritiw óz pikirin ashıq bildiriw jaǵdayları keltirip shıǵaradı. Hárbir oqıwshı yáki talaba tárepinen bildirilgen pikir hám ideyalar mazmunı anıqlap barıladı. Bul bolsa ortaǵa taslanǵan pikirlerdi anıq hám durısın taslap aliw imkanin beredi. Bunnan tısqarı aytılǵan pikirlerdi bahalaw hám xoshametlew náwbettegi pikir hám ideyalardıń payda bolıwına sebepshi boladı. Hár bir oqıwshı yáki talabı ózinń jeke pikir hám ideyalarına tiykarlanǵan halda olardı ózletirip alıw múmkin. Egerde olardıń pikirleri bahalanıp barılatuǵın bolsa, oqıwshı yáki talabalar dıqqatların, jeke pikirlerin qorǵawǵa kirisip ketedi, náteyjede olar jeke pikirlerdi alǵa súrmeydi hám waqıttan utıladı. Bul metodtı qollawda tiykarǵı maqset oqıwshı yáki talabalardı belgili bir mashqala yáki sorawlar tiykarında keskin oylaw, pikir júritiwge baǵdarlawdan ibarat. Shınıǵıw waqtında usı metodtan náteyjeli paydalanıw ushın tómendegi qaǵiydalarǵa ámel qılıw lazım:

Oyin qatnasıwshıları ózlerin erkin tutıwlarına sharayat jaratıp beriw ;

1.Ideyalarin jazıp barıw ushın jazıw taxtaların tayarlap qoyıw ;

2.Mashqala yáki sorawlardı taslap alıw ;

3. Oyın dawamında ámel qılıw lazım bolǵn sharayatlardı belgilew, oqıwshılardıń ruwxiy dárejesin úyreniw ;

4.Bildirilgen ideya hám pikirlerdi jazıp barıw ;

5. Dáslep qaǵazǵa jazılǵan pikirlerdi taxtaǵa ildirip qoyıw ;

6. Bildirilgen pikirlerdi anıq múnásebet hám jeke ideyalar menen bayıtıp barıw ;

7.Basqlar tárepinen bildirilgen hár bir pikir ústinen baqlaw júrgiziw, olar arasında bir-birine bolǵan húrmetti oyatıw ;

8. Bildirilgen pikirlerdi  durıs saylap alıw ;

**Venn diagramması**




Bul eki temanı bir-birine salıstırıp ótiwge qolaylı usıl esaplanadı.Bul usıl eki sheńber kórinisinde aylana sızıqları qosılıp,eki tárepke  jazıwhı turmısı, shıǵarma yáki obrazlarına tiyesli  derekler,sanlar, sáneler, belgiler jazılıp,ortada eki sheńberdi qosılıwı náteyjesinde payda bolǵan boslıqta bolsa eki jazıwshı yáki shayirdıń shıǵarma obrazına tiyisli túrli pikirler, ideyalar kórinisi, mazmunı aytılıp beriledi. Bir qaraǵanda ápiwayı kóringeni menen bul usıl oqıwshılardıń pikirlew qábiletin asıradı,este saqlawın kúsheytedi. Bul yáki bul tema ústinde erkin islewge iytermeleydi. Eki temanı ulıwmalıq indevidual, yaǵniy tek ózine tiyisli tárepleri tez anıqlaydı. Tema  tez hám uzaq waqıt este  qaladı. «Diagramma vena» oqıwhını

sergeklikke sharlaydı. Oqıwshılar 4-5 den kishi toparǵa bólinip jámi 15 ke ajıraladı. Birinshi topar sheńberdiń oń tárepin,ekinshi topar sheńberdiń shep tárepin, úshinshi topar eki sheńberdiń qosiliwinan payda bolǵan boslıq ústinde isleydi. Taza temnı tez eslep alıwǵa járdemlesedi. Topardaǵı qalǵan oqıwshılar bolsa, baqlawshılar yaǵniy «Diagramma vena» ústinde islep atırǵan topardıń háreketlerin baqlap otıradı, hátteki bahalawları da múmkin. Sabaq, taza tema uzaq waqıt este saqlanıp qalıw múmkin. Diagramma vena túrli ideya, pikirlerdi keltirip shıǵaradı. Oqıwshılardı oylandıradı hám erkin pikirlewge úyretedı.Búgin tálim-tárbiya processinde dáwir talabina say ráwishte ámelge asırıwdıń eń zárúr bólegi bolǵan zamangóy sabaqtıń hár biri oqıwhı jaslar ushın ózine tán ózgeheligi menen parıqlanadı. Tiykarınan, sabaqqa isenim menen kelip, óz muǵallimin ayrıqsha húrmet penen kútip alıw sezimin oyatadı. Muǵallim sabaq waqtında oqıwshılarǵa tuwrı jol-joba berip tursa, sabaqti ózlestiriwi qıyın bolǵan balalar belsene qatnasıwǵa aylanǵanın ózleri bilmey qaladı.

**Paydalanılǵan a`debiyatlar**


1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. Тошкент:-«Ўзбекистон», 2016-й. 8-бет.
2. Niyazov A. A`jiniyaz shıǵarmaları tilinin` husisiy belgileri jóninde. “Qaraqa;paqstan muǵallimi” 2000 №6.
3. Ájiniyaz. Ellerim bardı. Nókis. “BILIM”. 1994.
4. Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmaları. Nókis. “BILIM”. 1994.
5. Azizxojaeva N.N Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat T.,Ózbekston yazuvshilar uyushmasi Adabiyot zamg’armasi nashiryoti 2006.65 bet
6. Ta`jibaeva D, A. Yo`ldashev. Maxsus fanlarni o`qitish metodikasi. Toshket, “Aloqachi” nashriyoti, 2009, 77-bet
7. Ja`rimbetov Q. A`jiniyazdın` lirikalıq poeması. // «Vestnik Karakalpakskogo otdeleniya AN Uzbekistana», 1998, № 7, 141-144-b.
8. Ja`rimbetov Q. Ashıq Ziywar (A`jiniyazdın` ashıqlıq lirikasının` janrlıq ózgeshelikleri, obrazlar dún`yası). Nókis, 1998.
9. Ja`rimbetov Q. XI’X a`sir qa`raqalpaq lirikasının` janrlıq qa`sietleri ha`m rawajlanıw tariyxı. Nókis, 2004.
10. Nuratdinova G. Klassikalıq a`debiyatımızǵa jan`asha kózqaras ha`m A`jiniyazdın` miyrasın úyreniw ma`selesine. // «Vestnik Karakalpakskogo otdeleniya AN Uzbekistana», 1997, № 3, 130-131-b.
11. Wright A Visual Materials for the language Teacher. Ldn. Longman, 2006. 180p.

12. Айжанова З. Әдебият сабағында Ажинияз шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим»,1993.
13. Ахмедов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.
14. Зуннунов А., Ҳотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: Ўқитувчи, 1992, 202-бет.
15. Очилов М. «Янги педагогик технологиялар», Қарши, «Нафас», 2002.
16. Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. 8-классларда әдебиятты оқытыў методикасы. Нөкис, 2009.
17. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» ,2004.
18. Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың гейпара мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 47-бет.
19. Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1991, 143-бет
20. Пахратдиновтың Ә. Педагогикалык технология тийкарлары. Нөкис. “Билим” 2009.
21. Пирниязов Ж. Әдебий оқыў. (5-класс ушын). Нөкис. «Қарақалпақстан», 2003.
22. Подласий И.П. Педагогика а 2-х частях. М., Владос, 2005.
23. Хужаев Н.Х., Ходиев, «Янги педагогик технологиялар», «Фан», Тошкент:-2002.
24. Жәримбетов Қ. Ашық зийуар Нөкис “Билим” 1998.
25. Пахратдинов Ә, Алламбергенов К, Аяпов Ш. Бүлбилзибан уллы шайыр. Нөкис 2013
26. Пахратдинов Ә. Әжинияз шайырдин көркемлик дүньясы. Нөкис “Каракалпақстан” 2014.

# Internet hám ziyonet saytlari

1. www.tpdu.uz
2. www.pedagog.uz
3. www.ziyonet.uz